ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№18 (24.144) ● 2021 гъэм мазаем (февралым) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэмкІэ гъэпэжэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Промышленностым зегъэужьыным хуащІа хэлъхьэныгъэшхэмрэ илъэс куэд хьуауэ ехьулІэныгъэ яІэу зэрылажьэмрэ папщІэ дамыгъэ лъапІэхэмкІэ гъэпэжэн «Налмэс Іэмэпсымэхэр къыщыщІагъэкІ Тэрч завод» акционер зэгухьэныгъэм и къыкІэлъыкІуэ лэжьакІуэхэр:

промышленностымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Санэ Мурат Владимир и къуэм - дертыр зэрагъэзэкІуэж Іэмэпсымэ къыщыщІагъэкІ цехым и унафэщІым и къуэдзэм

Тарханов Ахъмат Алексей и къуэм - зэраубру Іэмэпсымэ къыщыщІагъэкІ цехым и унафэщІым и къуэдзэм,

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и ухуакІуэ»

ЛІэужь Іэмурбий Билал и къуэм - ухуэныгъэ Іэнатіэм и мастерым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мазаем и 17-м
№12-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыхь зиІэ и ухуакІуэ»

ЛІэужь Іэмурбий Билал и къуэм - ухуэныгъэ Іэнатіэм и мастерым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мазаем и 17-м
№12-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхукэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъакІа Указ №19-УГ-м зэхъуэжкІынигъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхукэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъакІа Указ №19-УГ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэжкІынигъэхэр хэлъхьэн:

а) 2.3 пунктым и ещанэ абзацым кІары имыІэжу къэлытэн;

б) 2.6 пунктым и «а» пункт къыдэзэм хэт «2021 гъэм мазаем и 21 пщІондэ» псалъэхэм яужькІэ «, 2021 гъэм мазаем и 22-м къыщыщІэдзауэ 2021 гъэм гъатхэпэм и 7 пщІондэ, 2021 гъэм гъатхэпэм и 8-м къыщыщІэдзауэ 2021 гъэм гъатхэпэм и 21 пщІондэ» псалъэхэр щыІыгъ;

в) 2.8 пунктым:

етхуанэ абзацым хэт «штатым щыщ лэжьакІуэхэм я процент 25-м нэхъ мы-нэхъ мащІэр, граждан-правовой зэгурыІуэныгъэкІэ зи къалэнхэр зыгъэзащІэхэр» псалъэхэм «штатым хэт лэжьакІуэхэр, граждан-правовой зэгурыІуэныгъэкІэ зи къалэнхэр зыгъэзащІэхэр» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

еханэ абзацым хэт «граждан-правовой зэгурыІуэныгъэкІэ зи къалэнхэр зыгъэзащІэ лэжьакІуэхэу Іэнатіэм пэІущІэу ягъэлэжьэн хуейхэм я бжыгъэр, апхуэдэуи а лэжьэкІэ лІэужьыгъуэм хиубыдэн хуэмейхэр убзыхуным» псалъэхэр «граждан-правовой зэгурыІуэныгъэкІэ зи къалэнхэр зыгъэзащІэ лэжьакІуэхэу Іэнатіэм пэІущІэу ягъэлэжьэнхэм хэмыхьэхэр зыубзыхухэм» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

г) 9-нэ пунктым и етІуанэ абзацым хэт «гъэувынир» псалъэм «щхьэщыхьнри» псалъэр щыгъын.

2. Мы Указым кІары егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мазаем и 17-м
№13-УГ

Къэрал субсидиехэр узыншагъэр хъумэн Іэнатіэм зэрытрагуэшэну щІыкІэр яубзыху

КІуэкІуэ Казбек мазаем и 17-м иригъэкІуэкІащ КЪР-м и Правительствэм и Унафэщ! Мусуков Алийрэ КЪР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустамрэ зэІущІэр. Ар теухуауэ щытащ къэралым къахуиутІыпщ субсидиехэр узыншагъэр хъумэн Іэнатіэр зыхуэныкъуэхэр къэщэхуным зэрытрагуэшэнум.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ! Мишустин Михаил иджыблагъэ Іэ зыщІидза унафэм ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 843,4-рэ къыхуаутІыпщынущ, Іэмалыншэ медицинэ страховании зыхьэу лажьэ сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэрэ зыхуэныкъуэхэр къаухэщхуным трагъэкІуэдэн папщІэ. ЦіыкІэр 47-м ират субсидиер псори зэхэту сом мелард 25,4-м щІегъу.

«Республикэм къыІэрыхьэ мылъкур тэмэму жъэсэсэбэпын хуейщ», - къыхигъэщащ Іэтащхьэм.

Мусуков Алий республикэм и УнафэщІыр щыгъуазэ ищІащ КЪР-м и Правительствэмрэ Урысейм Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэмрэ зэращІилІэну зэгурыІуэныгъэхэр мыгувэу хьэзыр зэрыхъунуми икІи а мылькум унафэ трищІыхьыну КЪР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэр хуит зэрыхъунум. УФ-м и Правительствэр арэзы зытехьуа хабзэхэм ящхь иткІэ, ахъшэр тариф комиссэм тригуэшэнущ, абы и унафэкІи ОМС-м и ЩІыналъэ фондым ар медицинэ Іуэхущ!апІэхэм яІэригъэхьэжьынущ.

Іэтащхьэм Правительствэм къалэн щищІащ зыхуэфащэ мардэ актхэр псынщІэу ягъэхьэзырыну, узыншагъэр хъумэн Іуэхущ!апІэхэм а ахъшэр нэхъ псынщІэу яльэІэсын папщІэ.

КІуэкІуэ Казбек узыншагъэр хъумэныжьмкІэ министрым еупщІащ Урысейм Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэм зэрызыхуагъэзауэ щыта лъэІур нэсу къыхуащІарэ къыхуамыщІарэ.

Къалэбатэ Рустам жиІащ хухаха мылъкум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зыщІэлъэІуа псори къызэрызэщІиубыдэр, абы коронавирус узыфэ зэрыщІалэм зэрыпэщІэт хущхъуэ лъапІэхэр къэщхуным трагъэкІуадэхэри хэту. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ а мылъкур коронавирус узыфэр зыпкърыгъэр щагъэхьужь Іуэхущ!апІэхэу зи лэжьыгъэр иджыри щытыкІэ гугъуэм иту езыхьэкІхэм зэрыхухахар. Илъэс кІуам и кІэм ирихьэлІэу Іуэхущ!апІэ куэдым щІрагъэгъуащ медицинэ дэІэпыкъунгъэу цІыкІуэхэм хуащІэн хуейуэ къэралым кьалэну къахуигъэувауэ щытам. Абы къыхэкІыу щІыкІуэ къатехуащ (хущхъуэгъуэ лъапІэхэм, коммунальнэ Іуэхутхьэзэхэм, ерыскъыкІэ къызэрызэрагъэпэщам пэкІуэу, н.) икІи абы езыхэр я къарикІэ пэлъэщынутэкъым. «Апхуэдэу щытми, мылъкур тэмэму къызэрагъэсэбэпам, республикэм и бюджетым къыхэкІыу иджыри захъшэ къызэрыхуаутІыпщам я фІыгъэкІэ сымаджэхэм хуащІэн хуейр Іуэхутхьэзэхэр зэбграха япэ пощт» жиІэу мыхъур тельъуат.

♦1924 гъэм Налшык Ленинымрэ и цІэр зезыхьэ еджапІэ къалэ цІыкІу къыщыщІэуахащ.

♦1930 гъэм США-м и щыщ астроном Томбэ Клайд Уильям Плутон планетэр зэрыщыІэр къыхуатащ.

♦1943 гъэм Адыгэ Республикэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1945 гъэм Австриемрэ нэмыцэхэм щаІэ Матхаузен гъэрэщым фашистхэм щауІащ генерал-лейтенант, дзэ щІэныгъэхэм я доктор, Совет Союзым и Лыхъужь Карбышев Дмитрий.

♦1960 гъэм США-м и щыщ Скво-Вэлли щІыпІэм къыщызэІуахащ VIII Щ!ымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр мазаем и 28 пщІондэ кІуэкІащ. Абы щыгъуэщ биатлонэр олимп зэхъэзэхуэхэм хагъэхьэжауэ щыщытар (1948 гъэм и ужькІэ хагъэкІат).

♦Италием щыщ физик, химик цІэрыІуэ, электроузэдыгъэм и теуха щІэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа **Вольтэ Алессандро** къызэраІухурэ илъэс 276-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ конструктор, автомобиль къыщІэзыгъэкІ компание къызэзыгъэпэща **Феррари Энцо** къызэраІухурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущІэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тІэунейрэ и Лыхъужь **Тимошенкэ Семён** къызэраІухурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, Урысейм и цІыхубэ артист **Фельцман Оскар** къызэраІухурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Совет къэрал, парт къулыкъущІэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІу щыта **Подгорный Николай** къызэраІухурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, КЪР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къуэдзокъуэ Хьасэн** къызэраІухурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Критик, литературовед, УФ-мрэ Адыгеймрэ щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Шащ!э Къазбэч** къызэраІухурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыІакІуэ, уэрэдус цІэрыІуэ **Барыкин Александр** къызэраІухурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ актёр цІэрыІуэ, уэрэджыІакІуэ **Траволтэ Джон** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, гъэсакІуэ, Олимп Джэгухэм (2002 гъэ) дыжьын медаль къыщызыхьа, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Лобачёвэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисист, Олимп чемпион (2000 гъэ), УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Кафельников Евгений** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

♦Урысей баскетболист, Пекин щекІуэкІа Олимп Джэгухэр къыщызэІуахым УФ-м и къэрал пныр утыкум къызыхьа **Кириленкэ Андрей** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 6 - 4, жэщым градуси 10 - 9 щыхъунущ.

Мазаем и 19, *мэрем*

♦Джейхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм щагъэлъапІэ бзуэр джным елэжь щІэныгъэлІым и махуэр

♦Тыркумэным и Къэрал ныпым и махуэщ

♦Къыргызыстан и финанс полицэм и лэжьакІуэм и махуэщ

♦Армением щагъэлъапІэ тхьилъхэр тыгъэ щІыным и махуэр

♦США-м и президентхэм я махуэщ

♦Ирландием и цІыхубзхэм я махуэр хуагъэлъапІэ

♦1837 гъэм Лермонтов Михаил «УсакІуэм и лІэныгъэ» усэр, Пушкин Александр зэрауІакІ теухуар, итхащ.

♦1855 гъэм синоптикэм я япэ картэр дунейм къытехьащ. Ар ищІат Париж дэт обсерваторием и унафэщІ, Нептун планетэр зэрыщІэр къэзыута астроном Леверье Урбен.

♦1878 гъэм макъ зытх Іэмэпсымэ къызэрыгупсысам щыхьэт техьуэ патент иратащ США-м щыщ физик Эдисон Томас.

♦1921 гъэм Профсоюз зэгухьэныгъэхэм я союзэс совет нэхъыщхьэм къыдигъэкІ «Труд» газетым и япэ номерыр дунейм къытехьащ.

♦1926 гъэм СССР-мрэ Саудрэ Хьэрпэ Пащтыхьыгъэмрэ дипломатие хабзэхэмкІэ зэпыщІа хьуащ.

♦1954 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ Крым областыр РСФСР-м хагъэкІри, Украинэм ираташ.

♦1955 гъэм Москварэ Берлинрэ зэпызыщІэ гъущІ гъуэгум лэжьэн щІидзащ.

♦1986 гъэм СССР-м «Мир» станцыр хьэршым иутІыпщащ. Абы зэрыщыІа ильэсипщым щІигъуэ кІуэрибудзу станцым зызэблахъуурэ щылэжьащ къэрал 12-м щыщ космонавти 104-рэ.

♦ТхыдэджкІ, академик **Успенский Фёдор** къызэраІухурэ илъэси 176-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Лежей Эльзэ** къызэраІухурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Туркмением и президенту щыта **Ниязов Сапармурат** къызэраІухурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Композитор, уэрэджыІакІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артист, УФ-м гъуаджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Антонов Юрий** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, УФ-м и цІыхубэ артист, РСФСР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Москва къэрал филармонием и унафэщІ **Чайковский Александр** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ, критик, публицист **Рубинштейн Лев** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Урысей дзюдоист, Олимп чемпион (2012), Урысейм спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Галстян Арсен** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 5 - 2, жэщым градуси 9 - 8 щыхъунущ.

ЗыгъэхьазырарЖЪЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхукэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъакІа Указ №19-УГ-м зэхъуэжкІынигъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм коронавирус узыфэ зэрыщІалэ лІэужьыгъуэщІэр (2019-nCoV) къыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкІэ хабзэр щыгъэувыным икІи абы земыгъэубгъуным хуэунэтІа зи чэзу Іуэхукэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м къыдигъакІа Указ №19-УГ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэжкІынигъэхэр хэлъхьэн:

а) 2.3 пунктым и ещанэ абзацым кІары имыІэжу къэлытэн;

б) 2.6 пунктым и «а» пункт къыдэзэм хэт «2021 гъэм мазаем и 21 пщІондэ» псалъэхэм яужькІэ «, 2021 гъэм мазаем и 22-м къыщыщІэдзауэ 2021 гъэм гъатхэпэм и 7 пщІондэ, 2021 гъэм гъатхэпэм и 8-м къыщыщІэдзауэ 2021 гъэм гъатхэпэм и 21 пщІондэ» псалъэхэр щыІыгъ;

в) 2.8 пунктым:

етхуанэ абзацым хэт «штатым щыщ лэжьакІуэхэм я процент 25-м нэхъ мы-нэхъ мащІэр, граждан-правовой зэгурыІуэныгъэкІэ зи къалэнхэр зыгъэзащІэхэр, лэжьакІуэхэри яхэту» псалъэхэр «штатым хэт лэжьакІуэхэр, граждан-правовой зэгурыІуэныгъэкІэ зи къалэнхэр зыгъэзащІэхэр» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

еханэ абзацым хэт «граждан-правовой зэгурыІуэныгъэкІэ зи къалэнхэр зыгъэзащІэ лэжьакІуэхэу Іэнатіэм пэІущІэу ягъэлэжьэн хуейхэм я бжыгъэр, апхуэдэуи а лэжьэкІэ лІэужьыгъуэм хиубыдэн хуэмейхэр убзыхуным» псалъэхэр «граждан-правовой зэгурыІуэныгъэкІэ зи къалэнхэр зыгъэзащІэ лэжьакІуэхэу Іэнатіэм пэІущІэу ягъэлэжьэнхэм хэмыхьэхэр зыубзыхухэм» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

г) 9-нэ пунктым и етІуанэ абзацым хэт «гъэувынир» псалъэм «щхьэщыхьнри» псалъэр щыгъын.

2. Мы Указым кІары егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2021 гъэм мазаем и 17-м
№13-УГ

КІуэкІуэ Казбек хуэзащ Карелин Александррэ Мамиашвили Михаилрэ

КІуэкІуэ Казбек КЪР-м и Правительствэм и Унэм мазаем и 16-м щІалъэІащ УФ-м Федерацэмкіэ и Советым хэт, Урысейм и Лыхъужь Карелин Александррэ Урысейм Спорт бэнэкІэмкІэ и федерацэм и президент Мамиашвили Михаилрэ. ЗэІущІэм хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Зауррэ КЪР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Къардэн Муратрэ.

ХьЭЩІЭХЭР Къэбэрдей-Балъкъэрым къеблэгъащ Урысейм Спорт бэнэкІэмкІэ и Федерацэм щІыналъэхэм щІигъэкІыжкІ лэжьыгъэм ипкъ иткІэ икІи 1976 гъэм Монреаль щекІуэкІа Олимп Джэгуэм совет бэнакІуэхэр зэрыщытекІуэрэ илъэс 45-рэ зэрыпкъым ирихьэлІэу кьыІэрагъэпэщ Іуэхуэм хьыхьэу. Ахэр спорт залхэм кІуэнущ, спортсменхэмрэ абыхъм я гъэсакІуэхэмрэ яІущІэнущ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым спортым зыщегъэужьыным, бэнэкІэ лІэужьыгъуэхэм щыхуагъасэ Іуэхущ!апІэхэм, лъэпкъ проектхэм япкъ иткІэ мы зэманым яухуэхэм я Іуэху зыІутхэм. ХьэщІэхэм жаІащ текІуэныгъэщІэхэмкІэ узыщыгугъ хъуну спорстмен ныбжьыщІэхэр республикэм зэримымащІэм шэч къызэрэтрамыхьэр икІи абыхъм я зэфІэкІым хагъэхьуэныкІэ защІэгъэкъуэпхъэщ.

«Ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ совет, урысей спортым текІуэныгъэхэм хуэгъэпса я хабзэхэм адэкІи пыщанным, - жиІащ Карелин Александр. - Абы щыгъуэ, Монреаль щекІуэкІа Олимп Джэгуэхм, ди бэнакІуэхэм медаль зэмылІэужьыгІуи 10 къахьауэ щытащ - дыщэ блы, дыжьыну тІу, домбеякъыу зы. Ар бэнэкІэм щыхуагъасэ еджапІэхэу къэралым щылажьэхэм я ехьулІэныгъэ къызэрымыкІуэт. А хабзэхэм дэ дызэкъуагъэуэз икІи ноби, псом япэрауэ, дигу къэкІыр дэ урысей бэнакІуэу дыззэрыщытырщ - иужькІэщ дызиІыкІуэ щІыналъэм дыщегупсысыр».

КІуэкІуэ Казбек хьащІэхэм фІыщІэ яхуищІащ республикэм къызэрыкІуам икІи щІыналъэхэм, къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, спортым зыщегъэужьыным гуІэутэшхуэ зэрыхуащІым папщІэ. «Спорт хабзэфІхэр, псом япэрауэ, фэ фщыщ дэтхэнэ зыми епхащ. Классикэ бэнэкІэ лІэужьыгъуэм республикэм зыщегъэужьыным фи нэІэ щытемыта къэхъуакъым, ди дежкІэ фыкъызэрыкІуам мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуу икІи бэнакІуэ ныбжьыщІэхэм я дежкІэ щапхъэ дахэу увынущ. Дэ дыхьейщ ди щІэблэр фэ фэщъхь хъуным хущІэкъуну. Дызэдегугъумэ, ди къэралыгъуэм хуэфэщэн щІэблэ дахэ тхуэгъэсэнущ», - къыхигъэщащэхэучІащ щІыналъэм и Іэтащхьэм.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ!апІэ.

● Къэрал Іуэху

Республикэм и бэнакІуэ ныбжьыщІэхэм папщІэ

КЪР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, УФ-м Федерацэмкіэ и Советым хэт, Урысейм и Лыхъужь Карелин Александр, Урысейм Спорт бэнэкІэмкІэ и федерацэм и президент Мамиашвили Михаил сымэ ЗэІущІэм къалэн дэт физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексым мазаем и 16-м щалъэІащ классикэ бэнэкІэ лІэужьыгъуэм зыхуэзыгъасэ ныбжьыщІэхэм.

ЗэІущІэм апхуэдэу хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, КЪР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ - 2000 гъэм Сидней къалэм щекІуэкІа Олимпиадэм чемпион щыхъуа **Къардэн Мурат**, ЩІэдзэм мунициналъэм щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и унафэщІ **Борсэ Юрий**, 2008 гъэм Пекин щыІэзэта Олимп Джэгуэхэм я чемпион **Хъущт Аслъэнбэч**, бэнакІуэ ныбжьыщІэхэм я гъэсакІуэхэр.

Спортсмен цІэрыІуэхэр, сабий спортым зегъэужьыным телажьэхэр лэжьыгъэ Іуэхукіэ республикэм къызэрыкІуам хьыхьу къызэрагъэпэщауэ арат зэІущІэр. ХьэщІэхэм зыщапльыхьащ физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфІакІуэ комплексым, спорт бэнэкІэм ехьулІэныгъэ лъагэхэр щыхьІэрызыгъэхьахэм я щІыхькІэ къызэІуаха пэшышхуэм. Ар къэрал-учей зэдэлэжьэныгъэ мардэм тету къызэрагъэпэщауэ щытащ Къардэн Мурат текІуэныгъэ лъагэ къызэрихьам и щІыхькІэ.

Карелин Александр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакІуэ ныбжьыщІэхэм чэнджэщкІэ зэхуигъэзащ: «Зывгъасэ, фэ Іэмал хъарзынэхэр фиІэщ дунейпсо утыкум щыщІэрыІуэ бэнакІуэхэм фахьхьэнымкІэ. Ди гъэсакІуэхэм федаІуэ икІи зэвгъащІэ: зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэм деж дэ зым адрейм сэлам идох пэжу дызэрыбенэнымкІэ ди ныкъуэкъуэгъум псалъэ етту, зэпеуэр духэ нэужьи ди Іэхэр зэроубыдыж - абыкІэ къыдогъэльагъуэ зэІущІэм кърикІуам арэзы дызэрытехьуэр. Хабзэм тетын, ерыщыгъэ, текІуэныгъэм хуэпэбгъэн - мис а щырщ фи ехьулІэныгъэм и лъабжьэу щытынур».

Мамиашвили Михаили ныбжьыщІэхэм ехъуэхъащ ехьулІэныгъэ лъагэхэм нэсыну: «Фэ гугъуехьхэм фыпхыкІынщ, щхьэхьынагъэр зыхэвнынщ, хабзэхэм фытетыным зеягъэсэнщ, фи зэфІэкІхэм хэвгъэхъуэщ фи гъэсакІуэхэм федаІуэри, итІанэ фи цІэхэри хатхэнщ спорт лъагэм и тхыдэм. Зэман тІэкІу дэкІынщи, фэри чемпион щэджащэхэм хуэдэу фыдгъэлъэпІэнщ. Фэ Іэмал псори фиІэщ текІуэныгъэм и ныпыр фІэтыну икІи лъагапІэм фытету ди къэралышхуэм и гимным федаІуэну».

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ спортсмен цІэрыІуэхэм зэраІущІар бэнакІуэ ныбжьыщІэхэм ильащІэкІэ ягу къызэринэуэм щэн къызэрыгъримыхьэр. ГъэсакІуэхэри абыхъм я нэІэ зытетхэри икъуэкІэ гуапэу къаІущІащ хьэщІэхэм икІи абыхъм упщІэхэр иратащ, жэуапхэми яфІэгъэщІэгъуэну едаІуащ. ИужькІэ я залыр ирагъэлъэгъуащ, я ехьулІэныгъэхэми яхутепсэлъыхьащ.

«ПщІэ зыхуэтщІ ди хьэщІэхэми фэ фхуэдэу сабийуэ ящІащІадзащ спортым зыхуэгъэсэн, ехьулІэныгъэ къызэрымыкІуэхэри зыІэрагъэхьащ. Зэман дэкІри, ахэр хьыхьащ фэ фхуэдэ цІыкІуэм спортым зыхуагъасэфын, ахэр текІуэныгъэщІэхэм хуэкІуэфын папщІэ Іэмалхэр къахуэгъэпэщыным ехьэлІа лъэныгъэм. Абыхъм я дэІэпыкъуныгъэм и фІыгъэкІэ дэ диІэщ Олимп чемпионхэу Къардэн Муратрэ Хъущт Аслъэнбэчрэ, нэгъуэщІ спортсмен зэчиифІэ куэд. Си фІэщ мэхъу фэ чемпион фызэрыхьунур, фи адэ-анэхэми къэралми фахуэфащэу цІыху пэж къызэрыфхэкІынур», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм, спорт бэнэкІэмкІэ секцэм кьекІуалІэ щІыкІуэм защІэхуитащ.

ЗэІущІэм и кІэухым КІуэкІуэ Казбек гъэсакІуэхэми спорт бэнэкІэм зыщІыхуагъасэ залыр щІыныр зи жэрдэмхэми фІыщІэ яхуищІащ яхэлъ тегушхуэныгъэм, къэкІуэну щІэблэм яфІ зыхэлъ Іуэхуэм зэрызуэлажьэм папщІэ.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ!апІэ.

● ЩІэныгъэ

«Зыужьыныгъэм и къежьапІэ» центрхэр къыщызэІуахынущ

Бахьсэн щІыналъэм и курыт еджапІэхэм 2021 гъэм къриубыдэу къыщызэІуахыну я мурадщ «Зыужьыныгъэм и къежьапІэ» центру хы.

Муниципалитетым егъэджэныгъэмкІэ и управленэм къызэритамкІэ, иджыпсту лажьэ апхуэдэ центрхэм къащхьэщыкІыу, «Зыужьыныгъэм и къежьапІэщІэхэм», технологие унэтІныгъэхэр яІэу щытынущ.

КЪР-м ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм зэрыщыжаІамкІэ, нобэм ирихьэлІэу республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм щолажьэ «Зыужьыныгъэм и къежьапІэу» 69-рэ. 2021 гъэм къриубыдэу абыхъм къахэхъуэнущ иджыри 38-рэ.

КЪАНТЕМЫР Самие.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мазаем и 18, *махуэку*

♦Урысей Федерацэм и Транспорт полицэм и махуэщ

♦УФ-м Іэщэкіэ Зэщ!эуэзэда и Къарухэм дзэхэр зыхуей хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ къыззэзыгъэпэщ и Іэнатіэм и махуэщ

♦Батарейкэм и дунейпсо махуэщ

♦Тыркумэным и дипломат лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1911 гъэм пощтыр зэбгрыхьыным къъуьхьлъатэ япэ дыдэу къыщыдгъэсэбэпащ. Ар къыщыхьуар Индиерэ: Аллахабад икІыу Наиник кІуэ къъуьхьлъатэм письмо мини 6,5-рэ нэгъуэщІ корреспонденцэу 250-рэ иІьащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми «КъъуьхьлъатэкІэ зэбграха япэ пощт» жиІэу мыхъур тельъуат.

♦1924 гъэм Налшык Ленинымрэ и цІэр зезыхьэ еджапІэ къалэ цІыкІу къыщыщІэуахащ.

♦1930 гъэм США-м и щыщ астроном Томбэ Клайд Уильям Плутон планетэр зэрыщыІэр къыхуатащ.

♦1943 гъэм Адыгэ Республикэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1945 гъэм Австриемрэ нэмыцэхэм щаІэ Матхаузен гъэрэщым фашистхэм щауІащ генерал-лейтенант, дзэ щІэныгъэхэм я доктор, Совет Союзым и Лыхъужь Карбышев Дмитрий.

♦1960 гъэм США-м и щыщ Скво-Вэлли щІыпІэм къыщызэІуахащ VIII Щ!ымахуэ Олимп Джэгуэхэр. Ахэр мазаем и 28 пщІондэ кІуэкІащ. Абы щыгъуэщ биатлонэр олимп зэхъэзэхуэхэм хагъэхьэжауэ щыщытар (1948 гъэм и ужькІэ хагъэкІат).

♦Италием щыщ физик, химик цІэрыІуэ, электроузэдыгъэм и теуха щІэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа **Вольтэ Алессандро** къызэраІухурэ илъэс 276-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ конструктор, автомобиль къыщІэзыгъэкІ компание къызэзыгъэпэща **Феррари Энцо** къызэраІухурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущІэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тІэунейрэ и Лыхъужь **Тимошенкэ Семён** къызэраІухурэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, Урысейм и цІыхубэ артист **Фельцман Оскар** къызэраІухурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Совет къэрал, парт къулыкъущІэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІу щыта **Подгорный Николай** къызэраІухурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, КЪР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къуэдзокъуэ Хьасэн** къызэраІухурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Критик, литературовед, УФ-мрэ Адыгеймрэ щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Шащ!э Къазбэч** къызэраІухурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыІакІуэ, уэрэдус цІэрыІуэ **Барыкин Александр** къызэраІухурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ актёр цІэрыІуэ, уэрэджыІакІуэ **Траволтэ Джон** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, гъэсакІуэ, Олимп Джэгуэхэм (2002 гъэ) дыжьын медаль къыщызы

Афганистаным щызэуахэр ягу къагъэкІыж

● Пэкіу

Совет зауэлІхэр къызэрашыхрэ илъэс 32-рэ зэрырикъум и щыхькІэ Афганистаным щызэкІуэда зауэлІхэм я фэеплъым и деж пэкІу щекІуэкІащ. Дунейр зэрыщыІэм щхьэкІэ къэмынэу абы цІыху кущ къекІуэлІат.

АФГАНИСТАНЫМ и ветеранхэм я зэгухэзныгъэм и Къэбардей-Балъкъэр щыдамэм и унафэщІ **Тхьэгъэлэдж Тимур** пэкІур ящыщІэзІуихам жиІащ:

- 1979 гъэм дыгъэгъаззм и 25-м зауэм щыщІидзащ Афганистаным. Илъэсибгъурэ мазитІкІэ ар екІуэкІащ. 2010 гъэм мазаем и 15-р Урысейм щагъэуващ хамэщІым терроризмым щыпэщІэта зауэлІ-интернационалистхэм я фэеплъ махуэр. Ар икІи махуэ пІалІэу къыдолъытэ, сыту жыпІэмэ абы щыгъуэ зауэр иухат, лъыгъажэр къэувыІат.

Нобэ афган зауэм щыІахэр ди республикэм и дежкІэ пщІэ зиІэ, Іуэхукіэ сытым дежи укъэзыгъэпэжкащ. Къэбардей-Балъкъэрым икІауэ цІыху 1800-рэ абы хэтащ. Афганистаным ди щІалэ 54-рэ щыхэкІуэдащ, 300-м щІигъур, къагъэззжа нэужь, зауэм хаха фэбжьым илІыкІащ. Я лЫгъэмрэ хахуагъэмрэ къыпэкІуэу куэдым къратащ орденхэмрэ медалхэмрэ. Ди гум къоуэ хэкІуэда ди зауэлІхэр икІи я фэеплъыр тхъумэн, ди щІэблэм ялъэдгъэІэсын хуейщ.

Республикэм и ветеранхэм я зэгухэзныгъэм и унафэщІ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд** кІыхьгъэщащ Афганистаным щызэуахэм папщІэ кІыхьзэрагъэпэщ дэтхэнэ Іуэхури лІыхъужьхэм яхуэфэщэну зэрекІуэкІыр икІи абы хилъхьэ жэуапІныныгъэ иным папщІэ Тхьэгъэлэдж Тимур фІыщІэ хуищІащ.

- Нобэ махуэшхуэщ, Текіуэныгъэм и махуэщ. Ди кьалэныр щІыхь пылъу вгъэзащІэри, фыкъекІуэлІэжащ. ХэкІуэдахэр ди гум илъщ. Мис мыпхуэдэ ІуэхугъуэхэмкІэ ди щІэблэм щапхъэу едгъэлъагъун хуейщ дэ абы-хэм я пщІэр зэрыдмыгъэкІуэдыр. Афганистаным и ветеранхэр зыгуэрым ирагъэцІыхумэ, япэу жаІэ: «Афганистаным щызэуащ». А псалъэхэм и ужькІэ, хэт и дежкІи гурыІуэгъуэщ ар зыхужаІам зэи укъызэримыгъэщІэхъунур. Мис апхуэдэхэращ ди нэхъыщІэхэм щапхъэу яхуэдгъэлъэгъуэн хуейри, - жиІащ Шыхъуэбахъуэм.

КъБР-м и Іэтащхьэм и администрацэм къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артёми** и къэпсэлъэныгъэм кІыхьигъэщащ Афганистаным щызэуахэм я лІыхъужьыгъэм ди щІэблэр щІэтпІыкІын хуейуэ кІыхьэрыльэтэр. Ар зауэлІхэм екъуэхъуащ, фІыщІи яхуищІащ.

- Илъэс къэс мы фэеплъым и деж дыщыту дигу кьыдогъэкІыж лІыгъэ яІэу зи псэ зытахэр. Си гуапэщ ныжьыщІэхэр мы Іуэхум зэрыхэтыр, сыту жыпІэмэ, Іэмал имыІэу абыхэм яІэн хуейщ щапхъэ. Иджыпстущ цІыкІуэхэм я гупсысэр щызэрыубыдыр, ямрэ фІымрэ зэхагъэкІыу зыщагъасэр, - жиІащ Афганистаным и ветеран **Аттоев Борис**.

ЩІэблэу къытщІэкъуэм зауэ ямылъагъуну хъуэхъуащ КъБР-м и муслымэнхэм я дин Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ **Дзэсжъ Хьэзрэтэлий**. Абы къызэхуэсахэм дыуэ яригъэщІащ хэкІуэдахэм папщІэ.

Архиепископ **Феофилакт** жиІащ нобэрей махуэр пэжыгъэмрэ цІыхугъэмрэ я махуэуи къызэрилъытэр, сыту жыпІэмэ апхуэдэу къабзэщ Афганистаным щызэуахэм ягухэр.

Пэкіум хэта кадетхэмрэ школакІуэхэмрэ зауэлІ хэкІуэдахэм япэбжу шар хуэк 54-рэ уафэм драутІыпщхьеящ. Къызэхуэсахэм фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Тхьэкъуахъуэ Мурат Альберт и къуэр

2021 гъэм мазаем и 14-м дунейм ехыжащ Урысей Федерацэм Следствиемкіэ и комитетым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щиІэ Следственнэ управленэ нэхъыщхьэм мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъэ зэхэсхэкІынымкІэ и управленэм и унафэщІ, юстицэм и генерал-майор Тхьэкъуахъуэ Мурат Альберт и къуэр.

Тхьэкъуахъуэ М. А. Аруан щІыналъэм хыхьэ Аруан къуажэм 1970 гъэм мэкъуауэгъуэм и 2-м къыщалъхуащ. 1995 гъэм абы Ростов къэрал университетыр кІиуащ «юриспруденцИя» Іэщ Іагъэр иІэу. Тхьэкъуахъуэм следователу лэжьэн щыщІидзащ Аруан щІыналъэм и прокуратурэм.

Іэнатіэ зэмылІуэжьыгъуэхэм пэрыту ар илъэс зыбжанэкІэ щыІащ Налшык къалэм и прокуратурэм, иужькІэ Урысей Федерацэм Следствиемкіэ и комитетым Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щІыналъэхэм щиІэ Следственнэ управленэ нэхъыщхьэм къулыкъу щищІащ.

Урысей Федерацэм и Президентым 2011 гъэм и бадзэуэгъуэм Іэ зыщІидза укаузыкІэ Тхьэкъуахъуэ М. А. ягъэуващ Урысей Федерацэм Следствиемкіэ и комитетым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щиІэ Следственнэ управленэм нэхъыщхьэм мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъэ зэхэсхэкІынымкІэ и управленэм и унафэщІ къулыкъум.

Щыгъэжьа Іэнатіэ псоми Тхьэкъуахъуэ М. А. къыщІэкІэльэгъуащ Іэщ Іагъэлі Іэзэу зэрыщытыр, цІыхугъэ зэрыхэльэр. Ар сыт щыгъуи пэжым и телъхьэт, гумызагъэт икІи гупыр зэщІигъэІуэфу, иунэтІысфу, жзуаплныгъэ хэлъу, зыхуежьа Іуэхур и кІэм нигъэсу лэжьащ. Абы и унафэм щІэту зэхагъэкІащ Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм щыпсэухэр, жылагъуэр зыгъэгузэва уголовнэ Іуэху куэд.

Тхьэкъуахъуэ М. А. хьэлэлу зэрыляжьам папщІэ дамыгъэ лъапІэ куэд къыхуагъэфащащ.

Тхьэкъуахъуэ Мурат Альберт и къуэм, щыхь, пщІэ зыхуащІу къэгъуэгурыкІуа цІыху щыпкъэм, ныбжьэгъу пэжу щытам и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи ди гум илъынщ.

КІуэкІуэ К. В., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТІ., Къуэдзокъуэ М. М., Мэкъуауэ Т. Э., Ажий В. Хь., Ахъуэхъу Т. Б., Бауаев А. Къ., Берд Хь. А., Багъэтыр О. З., Воронин С. В., Геляхов А. С., Говоров С. А., Жанатаев С. А., Къардэн М. Н., Къуэдзокъуэ З. Б., Къуныжь М. А., Лыхь А. Ч., Мер Ю. Хь., Мэлбахъуэ Б. Хь., Павлов В. П., Потапов А. Е., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тату Къ. Б., Хабаров Н. А., Хьэщхъуэжь А. Б., Хъубий М. Б., Шыхъуэбахъуэ М. Хь.

Щ І эупщ І э зиІэхэм ящыщщ

Урысейм и суд приставхэм я федеральнэ Іэнатіэм (ФССП) «Іуэхухэр зэрагъэзащІэ щыкІэр» и сервисыр Къэрал Іуэхутхьэбзэхэр къыщыхьа порталым и деж нэхъ псынщІэ дыдэу лажьэхэм ящыщу къыщІэкІащ: зыщІэупщІэхэм я процент 90-м щІигъур секунд 30 дэмыкІ щыкІэ абы къызэІуех.

КЪИЩЫНЭМЫЩІАУЭ, а сервисыр щІэупщІэ нэхъ зиІэхэми ящыщ - зы махуэрэ жэщым кІуриубыдэу абдеж Іуэхутхьэбзэ мин 30-м щІигъу щатх. Сервисым Іэмал къует суд приставым къыщта унафэхэм зыщыбгъэгъуэзэну. Псалъэм папщІэ, щыхуэ зытелъхэмрэ абыхэм я мылькымрэ ехьэлІауэ къагъэсэбэп Іэмалхэм: Урысей Федерацэм и гъунапкъэм икІуну е транспортыр кІигъэсэбэпыну зэрыхуимытым теухуауэ.

Суд приставым Іымыщ Іэу Іуэхухэр зэфІэбгъэкІыфынущ «Приставым зэрызыхуагъазэр» сервисымкІэ. Абы щыщ ящыщ зэщІрагъэубыдащ щІыхуэ зытелъхэмрэ апхуэдэхэр кІыхэзыхьыжхэмрэ зэрызыхуагъэзэнкІэ хъуну Іуэхугъуэ 30-м хуэдиз (тхъэусыхафэхэр, гурыгъэІуэныгъэхэр, н.). Сервисым 2020 гъэм щэкІуэгъуэм и 26-м лэжьэн зэрыщидзэрэ Іуэхугъуэ мин 250-м щІигъу яГъэхащ.

2020 гъэм Урысейм и ФССП-м и мобильнэ гъэдэзнэр App Gallery платформэм зэрыгуагъэхьэжам и фІыгъэкІэ «Банк данных исполнительных производств» сервисыр къэзыгъэсэбэпхэр нэхъыбэ хъуащ: 2019 гъэм елъытауэ процент 97,5-кІэ хэхъуащ икІи ар къызэІуэзыхахэм я бжыгъэр мелуан 580-м щхьэдэхащ. А сервисыр нэхъыбэу къэзыгъэсэбэпыр Іуэхущ Іапі эхэращ: банкхэм, щІыхуэхэр къыхэзыхьыж Іэнатіэхэм, коммерцэ зэгухэзныгъэхэм.

Урысейм и ФССП-м и пресс-Іуэхущ Іапі э.

КІуэрыкІуэ сурэт джэгу

● Гъуазджэ

«КІуэрыкІуэ сурэт джэгу» - аращ зэреджэр мы махуэхэм Налшык къалэ щекІуэкІ сурэт гъэлъэгъуэныгъэм. Абы и утыкум кърахьэнущ иужьрей илъэс тІощІырыпщІым сурэт щІыным къыщыуназуа унэтІыныгъэщІэхэм тету лажьэ, Кавказ Ищхъэрэм щыщ сурэтыщІхэм я Іэдакъэщ Іэкі Іэхэр.

КАВКАЗЫМ и иджырей сурэт гъуазджэм щытепщэ бгъэдыхьэкІэхэмрэ ахэр къызэрагъуатэ щыкІэхэмрэ зыхуэдэр зрагъэщІэну налшыкдэсхэмрэ къалэм хьэщІапІэ къэкІуэхэмрэ Іэмал яІэнущ гъуэгум здытетым, кІуэрыкІуэу... Сурэтхэм гъэлъэгъуапІэу яІэнур Налшык къалэ щІыхуэхэр нэхъыбэу щыізэхэзекІуэ щІыпІэхэращ - Ленинымрэ Щоджэнщ ІыкІуэмрэ я щІэхэр зезыхьэ уэрам бгъуфІэшхуэхэращ. Уэрамхэм я кІыхьагъкІэ тет къэувыІэпІэ абджыпсхэм кьищу яГъэлъэгъуэнущ ди хэгъэгумрэ хамэ щыналъхэхэмрэ щыщ сурэтыщІхэм я Іэщ Іагъэхэр. Дэтхэнэ зы сурэтми QR-Іункі ыбзэ тетынущ, кьызэІуПхмэ, ар зи Іэдакъэ къыщІэкІамрэ и Іэдакъэщ Іэкі Іэхэмрэ теухуа хъыбарыпхэм ухьихьэнущ.

Жыпхъэ гъэщІэгъуэным иту екІуэкІ гъэлъэгъуэныгъэм и жэрдэмщ Іакі уэр «Артзыужьыпі э» зи фІэщыгъэ, Налшык къалэ зиужьынымкІэ щыІэ институтымрэ Кавказ Ищхъэрэм и сурэт гъуазджэ гъэлъэгъуапІэхэм я зэгухьэныгъэмрэщ. СурэтыщІхэм яхэтщ Къэбардей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Шэшэн, Ингуш, Дагъыстэн республикэхэм, Мэскуу, Быгьыбыху къалэхэм, США-м щыщхэр. Гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлІахэм я Іэдакъэщ Іэкі Іэхэр Мэскуу бжьыхьэм къыщызрагъэпэщыну «КІуэрыкІуэ джэгум» и утыкум иджыри зэ ирахьэжынущ.

КъызэгъэпэщакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, дуней псом зыщызыбгъуэ мыпхуэдэ артгъэлъэгъуэныгъэхэм я мэхьэнэр уеплъу ублэкІыж къудейм и закъуэкъым, атІэ ягъэлъагъуэ гъуазджэ лІужьыгъуэм хэлъ хьэлэмэтхэр зэбгъэщІэным ухуущІигъэкъун, дахагъэм ухуигъэушын къару зэриІэрэр. Кавказыр лъэпкъ щэнхабзэ зэмылІужьыныгъуэхэр щызэблэкІ щыпІэщ. А щэнхабзэхэр псэущ, щІыхум и ГъащІэм хэпщащ, гуэх имыІэуи хэтщ. Ауэ абы зэрызиужьыр, зижьыну Іэмал зэрыщІэр, кьигъащІ макъамэрэ жьжьэ Іуну зэрыщытыр псом япэ езы лъэпкъхэм зэрыгъэІуэн, зыхьгъащІэн хуейщи, арт-гъэлъэгъуэныгъэр дунейм щыІэ щытыкІэм ухуэзышэ лъэбакъуэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

● Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэсиз 100 щрикъум ирихьэлІэу

Налшык щохьэщІэ урыс къэзакъ тхакІуэ цІэрыІуэ Закруткин Виталий. Абы йодаІуэ бысымхэр - КІыщокъуэ Алимрэ Гуртуев Бертрэ. *1963 гъэ*

Лъэужь дахэ гъащІэм къыщызыгъэна

● Фэеплъ

ЦІыхур къыщалъхуамрэ щыІэж махуэмрэ зэпэблагъэщ жаІэ. ГъащІэр абы куэдрэ щыхъэт тохъуэ. Мы гъэм и щІышылэ мазэм и пэщІэдзэм дунейм ехыжащ сабий хирург, эндоскопист цІэрыІуэ Елъэпэр Хьэсэн БетІал и къуэр. Мазаем и 15-м абы и ныбжьыр илъэс 65-рэ икІунут. Къахуэпищакъым Тхьэшхуэм а илъэс бжыгъэ дахэр унагъэм, благъэ-Іыхьлыхэм, и лэжьэгъуэхэм, ныбжьэгъуэхэм зэдагъэлъпІэну... Ауэ псэ хьэлэлу, Іэщ Іэгъэлі нэсу, цІыху гуапэу дунейм тета лІым теухуа гукъэкІыж дахэхэр ар зыщыхуу щыта дэтхэнэми, абы и дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэу зыхуэзыгъэза дэтхэнэми и гъащІэм къыхэнащ икІи а доухутыр телъыджэр абыхэм куэдрэ фІыкІэ ягу къагъэкІыжынущ.

РЕСПУБЛИКЭМ и медицинэ Іэнатіэм и зыужьныныгъэм езэш имыІэу хуэлэжьащ Елъэпэр Хьэсэн. И пщэ къраль хьэ сит хуэдэ лэжьыгъэри нэгъэсауэ зэфІигъэкІырт, медицинэм щІэуэ къыхьхьэ Іэмалхэр ялэу къзыгъэсэбэпхэм ящыщт, зыхэт гупым чэнджэщкІи Іуэхукіи дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуфт. «Сыт хуэдэ лъэІукІи зыхуэгъазэ, ар абы хуэзфІэкІыххэнумэ, зэи укъигъэщІэхъунутэкъым, унэм щыІэу, ар жэщуи махуэуи щрырет, «сымаджэщым укъэмысу хъунукъым» жаІэу псэлъауэ, абы «хьэуэ» къыщыхигъэкІа къэхъуакъым», - жаІэ Хьэсэн дэлэжьаХэм. Апхуэдэ и Іуэху бгъэдыхьэкІэрщ абы жылагъуэм щиІэ пщІэри къыхуэзыхьар.

Хьэсэн дохутыр Іэщ Іагъэм нэхъыбэу тезыгъэгушхуар и анэрат. Хуемыджами, а Іуэхум тІэкІу хэзыщІкІ бзылъхугъэр цІыхухэми Іэщхэми зэрыхуэзфІэкІкІэ еІэзэрт, фІэфІт и сэбэпынагъ зыгуэрым иригъэкІыну. Абы кІэлъыплъурэ къуэми гукъыдэж ищІащ дохутыр Іэщ Іагъэр зригъэгъуэтыну. ИужькІэщ къыщыгурыІуэжар анэм иІа хьэупсапІэр езым зэрызригъэхъулІар, апхуэдэ щыкІэкІи къзызлъхуам гупсэхугъуэ зэрыритар. «Медицинэ училищэм щІэтІысхьи, еплъ уэзрыхэзагъэм. Уигу ирихьмэ, уи щІэныгъэм адэкІэ хэбгъэхъуэнщ, ухуэмейми, нагъуащ Іэщ Іагъэ зэбгъэгъуэтыжынщ», - къыжриІат Хьэсэн и анэм, химыгъэзыхьыщэу. Арщхьэкіэ, ГъащІэм къызэригъэлъэгъуащи, Елъэпэрар щыІэ щІыпІэхэм я Іэщ Іагъэрат, и лъэужь дахи Іэнатіэм къыщигъэнащ.

Дзэлыкъуэкъуажэ зэт курыт ещанэ пІэ нэужьым Елъэпэрым и щІэныгъэм щыпищащ медицинэ училищэм. Ар кьиурри, Дзэлыкъуэ район сымаджэщым и «Дзэпыкъуэгъу псынщІэ» Іэнатіэм «Фельдшеру щыщІидзащ. ИлъэсищкІэ абы щылэжьауэ, тезыгъэхуэри Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым щІэтІысхащ. Иужькіэ республикэ, къалэ клиникэ сымаджэщхэм субординатурэмрэ интернатурэмрэ хирургиемкІэ къыщыухьжри, Шэджэм район сымаджэщым яГъэкІуащ. 1987 гъэм щегъэжьауэ 1990 гъэ пщІондэ а сымаджэщым экстреннэ хирургиемкІэ и Іэнатіэм щылэжьауэ, республикэм Узыншагъэр хьумэныжьмкІэ и министерствэм Москва игъэкІуащ сабий хирургиемкІэ и Іэзагъэм хигъэхъуэну. ИльэситІкІэ абы щыІауэ, 1992 гъэм къигъэзэжри, Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым уващ икІи и иужьрей махуэхэр къэсхуэ абы щыІащ.

Къыхэдгъэщынщи, республикэ сабий клиникэ сымаджэщым эндоскопиемкІэ и Іэнатіэр къызэІуахьащ. А зэманым ди щІыналъэм эндоскопиемкІэ ялэ Іэщ Іагъэлі Іу щыта Василенкэ Юрий Республикэ клиникэ сымаджэщым щыІэти, Елъэпэрар абы и деж кІуэурэ а Іэмэпсымэмкіэ лажьэу зригъэсащ. Ди республикэм и район сымаджэщхэм ящыщу Шэджэм щІыналъэм щыІэрэ эндоскопием и Іэмалхэр къагъэсэбэпу цІыхухэм я узыншагъэр хъапщытэн щыщІадзар. Шэч хэмылъуи, абы куэдкІэ и фІыгъэ хэлъщ Елъэпэр Хьэсэн. Иужькіэ Москва орординатурэм щыщыІам, сабийхэм я деж я Іэмалыр къыщыгъэсэбэпыным зыхуригъэсащ. Сабий сымаджэщым ува ныужь, сабий эндоскопие унэтІыныгъэр къызэрригъэпэщри зригъэужьащ.

ЦІыху сымаджэм бгъэдыхьэкІэ къыхуэбгъуэтыныр тыншкъым, ар сабиймэ, абы и Іуэхур нэхъ гугъужщ. Ауэ Хьэсэн фІы дыдэу кьехьулІэт а Іуэхур. Сабийм и хьэлым ихьэрти, ар дзэлыхьэх Іуэхухэм тригъэпсэлъыхьыурэ, и стІол къыдэгъэжьым сытым дежи кІэнфет е зэрыджэгу хьэпшыт гуэр дэлъти, абыхэмкІэ яхуэупсэурэ къыдихьхьырт. Апхуэдэу дзыхь зыхуригъэщІырти, итІанэ тынщу еІэзэрт.

Дохутырыи и Іэщ Іагъэмкіэ Іэзагъэшхуэ зэрыбгъэдэлъын хуейр хьэжщ, абы къыдэкІуэуи цІыхугъэ лъагэ дэпІлъагъупхъэщ. Ар зыхэмылъ дохутырым и Іэзагъри зэрыщхьэпэнышхуэ щыІэкъым. «Дохутырым къыхуэкІуар тхьэмыщкІэрэ къулейкІэ зэхидзын хуейкъым. Сэбэп зыхуэхъум и жылым кІрихьнум щымыгугъыу, дэІэпыкъуэгъу хуэхъуныр и кьалэнщ абы», - жиІэрт Елъэпэрым.

Зэгуэрым бзылъхугъэ гуэрым хуэхъжэм кІуришри, фошыгъу уз зиІэ, илъэсищ ныбжьым ит и сабийр кьишащ Хьэсэн и деж. Еплъри, и Іуэху зыІутыр, адэкІи ищІэныр гуригъэІуащ. «Дапщэ уэстынур?» - жиІэри зыкъыхуигъэзащ бзылъхугъэм зэрыпщІэншэр кьищыгуригъаІуэм, ар фІэгъэщІэгъуэн хъуауэ жиІащ: «Апхуэдэу хьурэ?! ДыкъыщыкІуэм кьызжаІащ ахъшэ уэстын хуейуэ». «Уэ сыт къыбжаІами си Іуэху хэлъкъым, сэ сщІэращи, иджыпсту пхуэщІам уасэ иІэкъыми», - жриІащ абы Хьэсэн. Мыльку нэхъыбэу щытепщэ дунейм, зи напэм емыпщыжахэри зэрытетыр гуапэ щыхъуауэ, щыхубзым фІыщІэ ищри, щІэкІыжат. Шэч хэмылъу, абы щыгъуэм Елъэпарым и нэгу кьищІыхьэжат еджапІэр къызэриухакмкІэ дипломыр и адэм щригъэлъэгъуам: «Къэбухамэ, хьарзынэщ, ауэ лэжьэн щІэдзэрэ сом иумытауэ Хьэсэн узыбгъэдигъэхьэнукъым жаІэу щызэхэсхам и деж къуэуэ узбжьыжьнукъым», - къызэрыжриІар. И Іэщ Іагъэм теухуауэ и адэм кърита ущием псэухуу тетащ къуэр. ЗэрыжаІэуи, къызылъухъэм я пащхьэм напэ хужькІэ ихьжащ.

Унагъуэ дахи и щІыб кьыдэт Елъэпэрым. Хьэсэнрэ и щхьэгъусэ Людмилэрэ я унагъуэ жьэгум и жьантІэр иІыгът зэгуриІуэм, хабзэм, нэмысым. ЛІым гъащІэ гъуэ гъэху кьыдекІуэкІа Людмилин и Іэщ Іагъэкіэ дохутырщ, илъэси 10-кІэ Шэджэм район сымаджэщым экстернэ гинекологиемкІэ и кьудамэм щылэжьащ, иужькІэ Налшык къалэ «Эль-Ма» медицинэ центр кьыщыхэзыгъащ. Я щІалэхэу Алимрэ Залымрэ гъэсэныгъэкІи щІэныгъэкІи щапхъэ зытрахэм хуэдэщ. ГъащІэм езым я лъагъуэ щыхашыжри лъэ быдэкІэ абы хэуващ. ТІуми Урысей МВД-м и университету Санкт-Петербург дэтыр кьаухащ. Нэхъыжьыр - Налшык, нэхъыщІэр Санкт-Петербург я Іэщ Іагъэмкіэ щолажьэ. ЛІы хъупхъэу адэм кьыщІэуха щІалитІым иригушхуэрт, абы я бынир и щІэблэ гъэфІэнт. Унагъуэм я нэхъыжьыр нобэ яхэмытыжми, и жьауэр жьижьэ едэри, адэкІи кьихъуэжащ.

Дунейм Іэужь гуэр хьытезынар псэу пэльытэщ. Елъэпэр Хьэсэн и ІуэхущІафэхэр куэдрэ ящыгъэнукъым, ар зыцІыхуу щыта псоми абы и фэеплъыр яхъумэнущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

● Ди щІыналъэхэм кьратхькІ

Іуэху щхьэпэм пащэ

Шэрэдж щІыналъэм щыпащэ Гам-Ковид-Вак (Спутник-V) вакцинэр цІыхум ехьэлІэным теухуа Іуэхугъуэхэм.

ЩІЫНАЛЪЭ администрацэм хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, вакцинэр зыхезыгъэІуну хуейхэр район сымаджэщым йокІуэлІэ. Урысейм Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэм къигъэува мардэ ткІийхэм тету жылагъуэдэсхэм дохутыр кьоплъ, я давленэр кьапщ, уз гъэтІылъа яІэу кьыщІэкІмэ, чэнджэщхэр щхьэпэхэр кьрат. А псом иужькІэщ мастэр кьыщыхалъхьэр.

Хъущхъуэгъуэр щІыналъэм щынэса маХуэм щегъэжьауэ, пункт щхьэхуэ мэлажьэ. Дохутырхэм сыткІи я нэІэ тетщ кьабзагъэ-санитар мардэхэм. Къыщынэмыщ Іауэ, цІыхухэр зэрызытрамыгъэхьэныным хущІокъуэ.

Мы зэманым ирихьэлІэу вакцинэр цІыху 50-м щІигъум ирахьэлІащ, я щытыкІэми арэзы укъищІу апхуэдэщ. ЗэрыгурыІуэгъэщи, абыхэм дохутырхэм я нэІэ тетщ - хущхъуэр зэмызэгъа нобэкІэ кьахэкІакъым.

ЕхъулІэныгъэфІхэр яІэщ

Тэрч щІыналъэм щогугъу гъуэгуэр къэгъэщІэрэщІэжьыным ехьэлІа лэжьыгъэхэм.

«ШЫНАГЪУЭНШЭ икІи фІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгуэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, 2018 - 2020 гъэхэм кьриубыдэу щІыналъэ гъуэгуу километр 25-рэ зыхуэй щыхуагъэзащ Джылахъстэнейм. Абы кьызэщІиубыдащ куэд лъандэрэ ремонт лэжьыгъэ кьыщрахьэлІэну зыхунэмыса щІыналъэ гъуэгуу 4. Къанэ щымыІэу зэрагъэпэщыжащ километр 10 зи кІыхьагъ Прохладнэ - Елъэхуэт гъуэгур -Дей кьуажэм кьыщыщІэдзаэуэ Плановскэ жылагъуэм нэс. НэгъуэщІ лэжьыгъэфІ куэди кьрахьэлІащ.

Дзыэтехьэ 2021 гъэм километр 13-м нэблагъэм елэжьынущ. Апхуэдэу кьагъэщІэрэщІэжьи хуейуэ къапэщыпІыщ Дей кьуажэмрэ Курп Ипщэмрэ зэпызыщІэ гъуэгур. Ремонт лэжьыгъэр куэд-мащІэми, здынэмыса зы жылагъуи Тэрч районым кьинэнукъым.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ХЬЭТУ Пётр

ЩІымахуэ усэхэр

Сабийхэм папщІэ

ЩІымахуэеджэ

Ей, ЩІымахуэ, ди ЩІымахуэ,
Къытхуэупсэ - ухъу тхуэмахуэ!
Уэсыр къабзэрэ щабабзэу
Къытхуегъэс, узэрихабзэу!
Дэ уэсгуащэ дахэ тщІынущ,
Абы джэгухэр етщІэкІынущ,
Хъуэхъу-уэрэдхэр хужетІэнущ,
Дади нани дгъэгуфІэнущ!

Ди кхъужьейр

Ди кхъужьейм гъэ дихати,
И пкъым зигъэпсэхужат.
Бжьыхьэр къэсри, щІыІэ хъуати,
Тхьэмпэри пылъэлъыжат.
Ауэ нобэ - сыт телъыджэ? -
Кхъужьеижьыр нэху къекІащ,
Мо Іумыл зытелъ гъурыджэм
Къуаргъхэр пызу къыпыкІау!

Хьэпшырым и тхьэусыхафэ

Сеуфэщ1ыр уэшхым,
уэс къыстосэ,
Сэрей щІыІэжьым сыкІэщІэлъщ...
Сыхэльщ ныжэбэ кьеса уэсым, -
Си дзапэм си псэ тІэкІур фІэлъщ...
Мы пщІантІэм сэ сыкъэзыхьахэр
Нэхушхуэщ, хуабэщ зыщІэс унэр...
Абы къыщІэкІмэ, Іэ къыздалъэ,-
Схуащ1ыи ягу
къэкІыркъым хьэунэ!..

ЩІымахуэр къэсыпащ

Уэсыр къосыр, уэсыр къосыр,
Жыгми унэми ятосэ,
Губгъуи псыхъуи щоджэрэзыр,
ЩІихъумащ ди бгыщхьи, мэзи...
Къосыр укхъуэу, къосыр щабэу,
Мы дунейм щІегъакІ и хуабэр,
УвыІакъым зы тхьэмахуэ...
Арти, къэсипащ щІымахуэр!

Гъэрэ щІырэ

Жэщым жьыр къугъащ хьэмыщэу,
Бжэ-щхьэгубжэм теухьащ...
Сыщ1ыщІэкІым нэху зэрыщу,
Дадэ жери: «ЩІыр кьихьащ!
ТІэкІу нэхъ хуабэу зыкъэхуапэ,
Хьэщэр къащти уэсыр тхьу!..»
Сэ ар зыуэ хъуат си гуапи,
СыгуфІэжу жысІащ: «Хъунщ!»
Сэ куэд щІауэ сежьэрт уэсым -
Дадэ Іэжьэ гъэм схуищІат...
Си лъэгуажьэм нэс къысхуэсми,
Іуэхур псынщІэу згъэзэщІащ.
Сыщ1ыдэкІым дэсшу Іэжьэр,
Сыту Іейуэ згъэщІэгъуа -
ЩІыкІуми инми ди Іуащхьэжьыр
ХъумпІэщІэджу яуфэбгъуат!

ЩІыІэлІэх

Джэду щІыкІум зегьэхуабэ -
Уэс къесамэ, абы пыкІ! -
Махуэ псом кІэрысщ хьэку джабэм,
ЩІыбым ауи пхущІэмыкІ.
Гъурэ-гъурнэм тІэкІу зегьафІэ,
Абы фІэфІыр гъатхэ щІыбщ.
Нобэ ар щІэмышыгъуафІэ,
Бжэр Іупхамэ, щ1 кІолыб.
ЩІэупщІауэ щ1ысщи и кІэр,
Дэнэ ар щ1ыпхущІэкІын!..
ЩхьэукъуаУэщи,
кхыхосКІыкІыр, -
Дзыгъуэ ещ1у къыщІэкІынщ.

ЩІымахуэ шу

Пщ1эгъуалэм тесыр сыт зезыхуэр?
Къэсауэ - куейм зыщ1ейкъуэдий,
Шым и пэм щ1ыІэуей кърихум
Псы щ1ыкІухэр мылу егъэдий!..
Уэсукхъуэ джэгур и ужь иту,
Фижу, хьэблэм къыдыхьащ,
Дыкъыщ1эпхьыну дыхуимыту,
ЩІымахуэ уае къытхуихьащ!

Жэщ щІыІэ

ЩІыбым сыкъыщ1окІри -
Сыту щ1ыІэ! -
Іэгур щІичу,
Бжэкъур къызэпхъуащ.
Дуней псор мэпІэкІыр,
Зэщ1оцІычу,
Сытхъум ди кхъужьейр
Зэщ1ингъэтхъуащ.

Жьыбгъэ Іэлхэр,
Фийхэу,
Зэподжэжьыр...
Аддэ жьыхьэу
Бзу макъ къыщ1ыІуащ...
Мазэ ныкъуэм -
КъакІуэри -
И пэплъыр
Уэнжакъ хуабэм,
Месыр,
ИриІуащ.
Ди Хьэмыщэ
Къыщ1эмыкІ и унэм,
Зишыхьауэ,
Мы жэщ псом мэжей.
И шы Іэжьэм иту,
Папщэ-хъущ1эу,
Уэс Дадэжьыр
МэзымкІэ дожей...

Уэс дадэжь

Хэт бгъэдэтыр ди щхьэгъубжэм,
Тхьипхъэщ1ыпхъэ мыл трищ1ыхьу,
Шхыдэу къытеуІуэр ди бжэм,
Уаер къыщ1ихуэн и пщ1ыхьу?
Ар Уэс Дадэщ, зи гур щ1ыІэщ,
Къыдыхьауэ пщІантІэм дэтщ,
Гущ1агъу лъэпкъ абы имыІэ,
Псори дигъэщ1тыну хэтщ!
Дэ абы дыщ1ымышынэ,
Унэ хуабэм дэ дыщ1эсщ,
КІущ1 Гъурни, схуеуэу шышнэ,
Хуабэ-хуабэу къыскІэщ1эсщ.

ЩІымахуэ пщэдджыжь

Къудащ Рае Іэдэм и пхъум и фэеплъу

Къепсыхащ ЩІымахуэ
Дыжьыныфэр,
ЩІыІуэр уэс чэсейкІэ
Зэщ1ибгъащ,
Губгъуи мэзи махуэм
ЕгъэбжьыфІэ,
Жэщ1кІэ зэхекІухь
Жылагъуэу хъуар.
Къыщ1экІащ ЩІымахуэр
Сурэтыщ1у,
Сепльри ди щхьэгъубжэм -
Ар къэсщІащ.
Тхьипхъэщ1ыпхъэ абджьым
Трищ1ыхьыр
Дуней псом и теплъэу
Къыпхьщащ.
ИлъэсыщІэм пежьэу,
КъикІухьами,
Ди жьакІащхъэу
Дадэр емыша, -
Іэжьэ зыкъизыхкІэ
Пщэдджыжьыпэм
Псей дахащэ тыгъэу
Къытхуишащ.

Дадэ и щэху

Нобэ псей дахэшхуэ
Дадэ къытхуихьар,
Дгъэувынщ Махуэшхуэм,
Ди гум ирихьар.

Сэ соцІыху Уэс Дадэр -
Ар си дадэращ,
Ауэ ар сэ дадэ
ЖезмыбІэнуращ...
Псейр ИлъэсыщІэм
Сэ згъэщІэрэщІэнщ, -
Сэ щэху гуэр зэрысщІэр
Зым къезмыгъэщІэн.
Тыгъэ и гъунэжу,
Дадэ къыщІыхьэнщ,
Макъым эригъэхъуэжу,
Хъуэхъухэр къыджиІэнщ.

ИлъэсыщІэ жэщ

Илъэсыщ1эр кьытхуопІащ1э,
КъокІуэ, къокІуэ... Уей, къэсащ!
Ди Ныбжьыщ1эм иугъащ1э!..
Дэри, мис, дызэхуэсащ!
Пщ1антІэр нэхущ,
уэсыпхуэ къосыр,
Ди куэбжэпхуэр зэІутхащ,
Сыхьэт бжьыгэр и щхьэм носыр,
Уей, ди хьэщ1эр къыдыхьащ!..
Ар ди унэм къыщ1ыхьэнущ,
Ёлкэм вагъуэхэр фІидзэнщ,
Дадэ хъуэхъухэр къыджиІэнущ,
Дэ «Псей щ1ыкІур» кьыхэддзэнщ.

Дуней хужь

Уэсым щ1ылъэр зэщІибгъауэ -
Гур хигъахъуэу - уэсчэсейщ,
Жыгхэр пфІощ1ыр къэгъагъауэ, -
Уэсбзуупльхъэр щ1ыдолъей.
Жьыр кхъужьейм хэгъуэщ1ыхьауэ
Щ1ещ1, фижу, «Ислъэмей...»

Ди Хьэмыщэ зишыхьауэ,
Гъуэм кьиплъыну зикІ хуэмей.
Пэжу, щ1ыІэщ, пэр писыкІыу,
Уэс Дадэжьми зефыщ1ыж...
Ауэ сфІэфІщ1, сыхэмыкІыу,
Дуней хужькІэ зызотІыж.

СогъэщІагъуэ

«Мы уэс щ1ыкІухэр хэтми сщІарэт
Тхьипхъэщ1ыпхъэу хэзыбзыкІыр,
Зэмыщхь защ1э-тэрэфарэу
Іэпэ Іаэзу зи ІэрыкІыр? » -
ЖысІэу уэм сыдэплъеяти,
Уэс Дадэжьыр пэм кьепхъуащ:
«Псори пщІэуэ си гугъати
Уэ, тхьылъеджэм... Ин ухъуащ!
Класс етІуанэми укІуащ1,
Сыщ1ыхуну игъуэ хъуащ!..»
Еплъыт, а Дадэжьым жиІэр,
Ар сэ сымыщ1ыхуэ нэхьеи,
Тхьипхъэщ1ыпхъэхэр зэрищ1ри
Сэ куэд щ1ауэ сощІэ, ей!
Ауэ, пэжу, уэс щабабзэр
Согъэщ1агъуэ: налъэ къэс
Щ1ыхуэ ІэпапІэхэм хуэдабзэу,
Зэмыщхь защ1эу къытхуегъэс.

Ди хадэм

Сыту бзаджэ ЩІыІэ Дадэр!
Къыщ1екІухьри итщ ди хадэм,

Умылъагъу Іулъщ нэщ1ыпхъуи,
Дунейм теткъым ар зэмыпхъуэ:
Ди пэр плъыжьу писыкІащ,
Ди нэкІущхьэр трижьыкІащ,
Хадэ псор зэщІегъэщІычэ,
Дыхигъэткъым мы уэсмычым!
КІий къытфІощ1ыр:
«ФикІ мы хадэм!
Мыр си лъапсэщ!.. Сы-Уэс Дадэщ!..
Сыпащ1ыхьщи, Уаеу щ1ыІэм
Сыкъеджэнщи -
фисынщ щ1ыІэм!..»
Дэ уэсгуащэ дощІри хадэм,
Кьидмыдзэхъэ а Уэс Дадэр...
Псэ хэтлъхьэнщи ди Уэсгуащэм,
Пщ1э хуэтщ1ынщ абы хуэфащ1у:
Усэ щ1ыкІу дыкъыхуеджэнщ,
Джэгу хуэтщ1ынщ - дыкъыдэфэнщ!

ХъумакІуэ

Дадэ пщІантІэм щ1ыхисауэ
Зы псей щхъуантІэ дахэ дэтщ,
Ди мэзщІэсхэр кьехъуэпсауэ,
Къощэр - ядыгъуну хэтщ.
Едгъэжьажьу ИлъэсыжьыР,
ПщІантІэм Гущэ дэтщІыхьащ,
Фоч къутауэ зэгуэтыжьыр
Дадэ кьихьри, кІэрищ1ащ...
Ар бгъэдэтщи ди псей щхъуантІэм,
ТфІэтелъыджэщ ди Іэужь, -
Мис иджы си Іуэхущ ди пщІантІэм
Къыдыхьафмэ зы дыгъужь!

Уэсгуащэ

Жьы бгъакъэ щ1ыкІейхэр
Зэпеуэу мэхъущІэ, -
Жыгыщ1э хэтсар
Яудынущ1э, яфыщІ.
Уэс Дадэу жьакІащхъуэм,
Гущ1эгъур зымыщ1эм,
ЕІуащІэ щ1ыкІахэм
ФІыщ1эшхуэ хуимыщІ...
Уэс Дадэр шууейуэ
КуэбжэпэмкІэ блэжти,
Къуаншагъэр щ1ильагъум,
Абы кьегъэзэж,
Уэс щабэ къауцыр
И Іэпэ кьыпыщу,
И шыгъуэм къопсыхри,
Кхъужьейм къыщхьащ1ожь.
«Уэсгуащ1эщ!» - жьыпІэну,
Жыг щ1ыкІур ехуапэ, -
И пыІи, и вакъи,
И Іэлъи къауцщ.
Иджы къауц щабэм
Кхъужьейр егъэхуабэ...
Мис, сэри, сыгуфІэу,
Щхьэгъубжэм сыІусщ.

Къуажэхьхэр

* * *

Іунгъэщту щІыІэр, Дадэ Уаер,
Кьопхъуэну зищІу, ар мэбзае,
ГъуркІ Іэплъ дэ зэхуэтхъэсар
Дакъикъэ бжьыгъэм игъэсащ.
(ЩІымахуэ гуфІэуэ мафІэ)

* * *

Тхьэгъэлэдж щохьэжэ уафэм,
И кхъуанэм щІегъэпщ1ыж,
Кьелъэлъэхым къуакІи тафи
Къымыгъанэу есеиж.
(Уэс)

* * *

Тхьипхъэщ1ыпхъэ вагъуэ дахэу
Щ1эхурэ щабэу уафэм кьох,
Жьым зэрихьэу ахэр махэщ -
Уэзпхъуар уи Іэгу щобзэх.
(Уэс щ1ыкІу закъуэхэр)

* * *

Гъуэрыгъуэхъхэу зыр зым тежу,
ЗэкъуэшитІыр къызэдожэ,
Зыщ1ыджэгур ахэр мыщ1,
Дыжьыныфэхэщ, масищ1.
(Лъэрыжэхэр)

* * *

Джабэр лъагэщ, уафэм нэсу,
Ар щ1ыдэсшкІэ, сегъэмэх,
Сэ абы сызэрыпшэу -
Жьым дытежу дыкъожэх.
(Іэжьэ)

* * *

ЩІицІывыщ1ъуэ гъэмахуэкуми
Щхьэримых абы и пыІэр,
И уардагъ-инагъкІэ хэкуми
Къыпэхъуи абы щ1ымыІэ.
(Іуащхьэмахуэ)

Сурэтыр Къарей Элинэ трихащ.

● Къэмыгупсыса хъыбар

МелыІыч

Алыхьталэм щІыхур зэрыпсэуну илъэс бжьыгъэр и натІэм къритхауэ, абы нэсыхукІэ ищІэну псомкІи щхьэхуиту къеГъэщІ. А зэманым къриубыдэу псэхъумэзу иІэщ мелыІычыр. Абы зэран хуэхъуну зи мурад жинхэмрэ шейтІанэхэмрэ щ1ыІэщ, ауэ зыри пэлъэщ1ыркъым.

МЕЛЫІЫЧЫР зи нэгу къыщІэхуа, и псалъэр зэхэзыха зырызхэм къызэраІуэтэжьмкІэ, КъурІэным зэриты-мкІэ, ар щ1ыкІэ сэфэтым итщ, зэфІэкІыщхуэ бгъэдэлъщ, лъэмыкІщ1ымыІэу, псоми къагурыІуэ бэз Іурылъщ, зззэмызэхэщ нэрылъагъу щ1ыхъур.

Алыхьталэм и къарур инщ. Ар уи фІэщ1 ирихьну дунейм куэд къыщ1охъу. Мелуан бжьыгъэ зи пъэщагъ тоК къару зыбгъэдэлъ щ1ыблэр зэуа цІыхур, фІамыщ1ым хуэдэу мафІэм зэуззэпсэу исын хуеяр, кьелауэ щ1ыІэщ, машинэхэр зэжьэхэуэу тхьылъымпІэ зэкІуэцІыщ1ыхьам хуэдэу хъуа машинэм исахэм зыри къащ1ымыщ1ауэ къикІхэри куэдыкІейщ, унэ къатипщ1ым къехуэхыу кьела зэрыщ1ыэри пэжщ... Ахэр псори кьезыгъэл, зыхъумэ мелыІычыр зэрыщ1ымэ щхъ кхытепхъэ хъунукъым. Ищхьэкіэ жысІахэр гъащІэм къыщ1ыхъащ, зыри пцІы хэмылъу, зи фІэщ1 мыхъу зырызхэр щ1ыІэ щхьэкІэ.

Сэ къысхуаІуэтэжауэ фи пащхьэ ислъхьэну хъыбарри нэхъ гъэщІэгъуэныжщ, щ1ызыщ1ыщІар ноби псэущ. МелыІычыр зэрыщ1ыІэр уи фІэщ1 хъун хуейщ мы зы закъуэмкІэ.

Пэжу, мыр къызыщ1ащІа Мухьэмэдин и Іуэсахэм (псэужхэкъым) я унэцІэр кьриІуэн идакъым тхьэрыІуэкІэ кьигъэгугъауэ щ1ытащи, и щхьэусыгъуэри тхыгъэм и кІэухым къыщ1ифщ1ащІэнщ.

Ди кІуэжэм дэс Мухьэмэдин, ЛъагагъкІэ къимыкІами, бгъукІэ кІуаУэ лІы быхьтІэ щ1ыкІущ, бэнакІуэу щ1ытащ, ныбжь хъарзынэ иІэщ. Абы ныбжьэгъуу иІэт Хьэжмэстафэрэ Хьэжмухьэмэдрэ. Ахэр зэпэжьжьэтэкъым, зэрыщ1ыкІу лъандэрэ зэныбжьэгъут. Мэзхъумэу лажьэ Мухьэмэдин районым щ1ыщ1эрыІуэ щ1ыхут. Арат куейм хьэщІэ лъапІэу кІыхьэжэм зезыгъэпІлъыхьыр, щакІуэ зышэр. Хьэжмэстафэ колхозым бухгалтер нэхъыщхьэу, Хьэжмухьэмэд экономисту щ1ылажьэхэрт.

- Тхьэр згъэпэжащ къулыкъущІэ щ1ыІэу игъащІэкІэ къоплъынум, зы ныбжьэгъу Іищ, моуэ тхьэмахуэ гуэрым щакІуэ дишэ хъунукъэ зиунагъэрэ, псэпамэ дэ нэхъыфІу ильагъу щ1ымыІэу жеІэ, - ириІуэкІащ Хьэжмэстафэ Мухьэмэдин, зы пщ1ыхьащхьэ гуэрым зэхуэзэуэ здэуэршэрхэм.

- Уэлэхьи пэжмэ жьипІэр, зыри къытхуэмыкІми, моуэ жьы къабзэкІэ дыбэуэнщ, контІорэм дыщ1эмэхьыхащ, - деІыгъ абы жиІар Хьэжмухьэмэд.

- Зыгуэр жьыфІэу къэзгъэна, сэ дэнэ щ1ысщІэн фи гум илъыр, - зегъэзахуэ Мухьэмэдин. - Щакіуэ фыкІуа фэ тІур игъащІэм зэ нэхъ мыхъуми. Фыщ1экІуэфыну?

- Сыт мыбы жиІэ хьэдэгъуэдахэр?! ЛІо ущ1экІуэным хэлъыр? Моуэ си нэгум зыгуэр къыщ1эхуэну фІэкІа сыхуейкъым, - зегъэлІ Хьэжмухьэмэд. - Сыт абы хэлъыр, снайперым хуэдэу сышэрыуэмэ, мыщэ дыдэ дыхуэзэми зэгуидыну си фоч (къэуал) зэгуэтыжьыр хьэзырмэ! Тызоубыдэ, соуэри, мыщафэр хьэзырщ.

- Ар хъарзынэщ, ауэ гуи пкІуэцІыпхъ хуейщ, - жеІэ Мухьэмэдин и фІэщ1у.

- ЦІыхум зыгущ1 кІуэцІыпхъ хуейри, сысейр Алыхьым къуэрэритынщ, дышэ закъуэ уэ, адэкІэ сэ ди Іуэхужщ, - жеІэ Хьэжмухьэмэд зигъэлІу, жаІэм мыхьэнэшхуэ иримытауэ. - Дыпшэну ухуэмейуэ арамэ, занщ1эу жьыІэ, адэ-модэ жьипІэу хуэд къыумыгъэкІуэкІыу.

- Хьунщ-хъун, селпъынщ сэ фэ фызэрщ1ащ1ун, хъарзынэу пщ1эдей лэжьэгъуэ махуэкъыми, фысшэнщ, зывгъэхьэзыр, - кьеГъэгугъэ и ныбжьэгъуитІыр Мухьэмэдин.

Ущ1экІуэнумэ, жьижьэ укІуэн хуейтэкъым, Махуэгъэпс жьжьэтэкъым, мэзми щ1эмыс хьэкІэкъуэкІэ щ1ыІэтэкъым. Щ1ыхь ухуей хьэмэрэ мыщэ жьипІэн, псори щ1ыІэт, къэпхуэщ1кІуф закъуэмэ.

Зыззщ1ауэздэри пщэдджьжьым лъэсу ежьащ зэныбжьэгъуищ1ыр, Махуэгъэпс мэзым кІуэну.

- Дзыгъуэ дыдэ щІэс си гугъэжьым мы Махуэгъэпс дыкъызідэпшам, Фэндыкъуэ дыпшамэ хъунутэкъэ, мыр дауэ? - хуотхъэусыхэ Хьэжмухьэмэд Мухьэмэдин, шэджагъуэ нэужьыфІ хъухукІэ мэзыр зыкІэзыщхьэ зыщІу зыри зымыгъэтар. - Мыщи щ1ыхьи, жьыІэркъым, нэгъуэщІ мыхъуми, зы тхьэкІумэкІыхь щ1ыкІу къэдукІауэ дыкІуэжами арат, абы дызэхигъэсынт.

- Си щхьэкІэ адэкІэ лъэмбытІ схуэчыжьынукъым, гуэбэн сщІащи, тІэкІу зыдгъгъэпсэхуи дыкІуэжынщ, - жеІэ Хьэжмухьэмэди зрегъэщэтэх, бгъуэнщІагъыщхуэ гуэрым пэмыжьжьэу.

- Фэ зы тутын бгъэсхукІэ, сэ мо бгъуэнщІагъыжьым зэ сыщ1эплъэнщ, мыщэ щІэсынкІи хъунщ, - жеІэ заул дэкІауэ Хьэжмухьэмэд, фочыр къиГъэлэгъуэрэ.

- Уэлэхьи лъэмбытІ умычын уи закъуэу, уэ угушыІэнщ, щІэсынкІэ хъунущ абы мыщэ, дэри дынэкІуэнщ, - жеІэ Мухьэмэдин хэтэджурэ. - Мыщэм удэджэгу хъунукъым, ар бжэнкъым, зыщумыгъэгъупщэ. Зэ уэгъуэкІэ къыпхуэмыукІыу уІэгъэ пщІамэ, уэ фІэкІа лІапІэ ищІынукъым, уІэщІэкІынукъым. Псэ зэпылъхьэпІащ, сэ куэд си нэгу щІэкІащ.

- Уий, уий, иумыгъэлейт иджы. ЛІо, мыщэ си щ1ыпэлъагъу уи гугъэрэ, фоч симыІэми, Іэ пщІанэкІэ сыхуэгъэзащ, стхьэлэнщ пІэтІэуэну хуимыту, - жеІэ Хьэжмухьэмэд, и фІэщрэ гушыІэрэ къыпхуэмыщІэу.

- Сэри арат сыхуэзэну сызыщІэхъуэпсыр, - зегъэлІ Хьэжмэстафэ зигъэ-Лашыну. - Мыщ1ылым хуэдэ щ1ымыІэу жаІэ, и фэр-щэ? Неуэ, ди насыпыр абы къыщ1икІынуми фщІэркъым. Сэ сывигъуэсщ, фыкъэмыскІэ зыкІи.

- Хуэмыза лІыфІщ. Альэндэм дэнэ мыгъуэ фыздэщ1ыІар фэ пелуанитІыр, - жеІэ Мухьэмэдин, и фочыр кьещтэри, ялэ йощ. - Уззгъусэ хуэдэ щ1ыкІэщ1ым, къэхунур зыми ищІэркъым.

Бгъуэнщ1агъым нэблэгъауэ абыхэм зэхах мыщ1эм и гъуахъуэ макъ къэІуу. Тхьэм ещІэ, ЦІыхумэ къыщІихьа.

- Мыщ1эм ялэ зыкъригъэщамэ, пкІэрыкІынукъым, убэлэрыгъ хъунукъым, - жеІэ Мухьэмэдин.

- Уэлэхьи дыгушыІэ хуэдэурэ, ди кІэныр къикІа си гугъэм, - жиІэурэ Хьэжмухьэмэд и фочыр кьегъэхьэзыр, гугъэшхуэ иІэу.

- Дэнэ фыздэкІуэр, кІуэдыжьпІэ фыльъыхьуэу ара? - жьхуиІэу мыщэр зэзфІэту «бжэщхьэІум» кьытеуващ, зэкІэ «хьэщІэхэм» хъыбар къаригъащІэу.

ЗэфІэту къакІуэ Мыщ1эм и теплъэ къудейр пхуникъунт, гупщІэуэ хэпхыну. Гъэщ1агъыр иуфэбгъуат мыщ1эм и инагъым. И лъакъуэ бащэжьым кьыхифІэжма, маисэм хуэдэ и лъабжьэнжьхэр егъэдалъэ, зэ лъэгъуэм зыкъуидзу уи щхьэфэр фІилъэфыну, и жьэ гъуахъуэм къыжьэдэпс, хьэджэсэм хуэдэ дзэ пІащхэзри хъэзырщ уи Іэпкъ-лъэпкъыр зэхакъутэну, зыхашхыхьыну.

«Пелуанхэр», унафэ зыхуащІа сэтэхэм хуэдэу, я пІэм ижьыхащ, фоч зэрАІыгъыр ямыщ1эжьыхэу.

Мыщэ хуэзэмэ Іэкіэ зытхьэлэну ихъу-илъу щ1ытаитІыр къикІуэтурэ зрачри, бгъуэтмэ къащтэ, щтапІэ ихьэжащ, Мухьэмэдин мыщэм къыхуагъанэри.

Мыщэм зиІэжьакъым, хэтми идэрт, и хэщІапІэм къихьар лъэныкъуэ иригъэзыну, щ1ыхьыншэу зыхикІытэну, итхьэлэну. Къэблэгъащ, зэ къэлъэжмэ Мухьэмэдин кьылъэІэсыну.

- Си щхьэмрэ си нэкІумрэ схъумэнщ, армыхъумэ ар фІилъэфмэ, е си нэкІр къритхъмэ зэфІэкІащ си гъащІэр, къыщ1ухьэхэр зэкихьтэми Іуэхуэкъым, кІыжьынщ, - игу кьокІ Мухьэмэдин. - СыщІэпхъуэнуми, кІасэ хъащ, лъэмбытІ сигъэкІунукъым, сыщ1эмыпхъуэми...

- Сыт хуэдэу щ1ымытми, псэр Іэфщ1, зезгъэшхынкъым, зысхъумэжынщ, сеуэнщ фочымкІэ жысІэри, мыщэр къыщ1ылъэ дыдэм тезгъапсэри, кІакхъур щ1эсчащ, - игу кьегъэкІыж Мухьэмэдин. - Насып уимыІэмэ, зэрыжаІэу, махъшэм утесми, хьэ къодзакъэ - фочыр мэубзэщхъу.

Мыщэр къосри, Мухьэмэдин къоуэри фочыр Іэщ1еуд, и лъэбжьанэхэмкІэ и ныбафэм лъыр къежэхыу къресыпэх (насып иІэти, и щхьэм нэсакъым). КъыкІэлъэуэри, метр зытхухкІэ хьфІехуэ. КІэлъос, и Іэблэр еубыдри, зэхеГъэщ1ыщІэ ямыпсыр кьежэхыу.

- Иман фиІэмэ, севмыгъэшхыу фочымкІэ фыкъеуэ, е нэгъуэщІ мыхъуми дэвгъэуей, - мэкІий и макъым къызэрикІэ Мухьэмэдин, и гъусэхэм захригъэхыну. Ауэ дэнэт - зыри Іэшэлъашэм щ1ыІэжтэкъым.

Пэлъэщ1ын и гугъэу зззэмызи лъакъуэпэщІэдз хуещІ, къарууэ иІэмкІэ и щхьэм йоуэ, ауэ дэнэт - утекІуэнт мыщэ домбейм?

- Лаилахэ Іиллэлахь, хьэкъ Мухьэмэду рэсулилахь, я д дэ ди тхьэу тхьэшхуэ, мы мыщ1эм сыкъегъэл, - йолъ1ау ар Алыхьталэм, мыщ1эр хутыкъуа зэрыхъуу.

Аргуэрыжьу мыщ1эр малъэр, зыуэ къыщ1ымыхъуу Мухьэмэдин иреуд, и Іэблэ къыІэрыхьам лъыпсыр къежэхыу зэгуепхэ.

- Сыт сщІэнт - зы Іэмал сиІэжтэкъым сыкъелынкІи, зыкІэ сымыгугъэжу, нэджэІуджэ симыщ1ын щхьэкІэ, си ІэхэмкІэ си щхьэмрэ си нэкІумрэ субыдыжащ, - жеІэ Мухьэмэдин. - Мыщ1эм и лъэбжьанэжьыр си нэкІум къасыным къынэжа щ1ымыІэу, солъагъу абы и пщафэр зы Іэ лъэщ1 ин гуэрым иубыду, джэду щ1ыкІум хуэдэу сщхьэщ1ихьу зэрыбзэхьжар. Си нэкІэ слъэгъуар си фІэщ1 мыхъуу, къарууэ сиІэр зыхэслъхьэри сыкъыззэфІэтІысхьащ. Зыслъпхьа щхьэкІэ, ажалым сыкъыІэщ1эзыхари мыщэри къысІэщ1элъэгъуэжакъым.

Си гъусахам седжа щхьэкІэ дэнэт, зыри щ1ыІэтэкъым.

- Алыхьталэм и къарур инщ, армыхъумэ, сыт мы мыхъуа гъэщІэгъуэныр, апхуэдиз зи инагъ мыщэр зы къыщ1ымыхъуу Іуэзыхар? Сызэхэфыщ1ар зэныбжьэжхыу, си ІитІыр щ1агъуэу къыздэмыбзыжу зэхэкъутауэ, пшапэ зэхэуэгъуэм унэм си псэр нэслъэфсэжжащ.

Мухьэмэдин ажалым къыІэщ1эзыхар Мелыйычу зэрыщ1ытым щэч лъэпкъ кьытепхъэ хъунукъым. Алыхьталэм мелыйычыр сыт хуэдэ щ1ытыкІэми ихьэфу, псори лъэкІыу, ц1ыху псэхъумэу кьигъэщІащ. Алыхьталэм и лъэкІынугъэр гъунапкъэншэу инщ, ар зэи пщ1ыгъупщэ хъунукъым.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.

Ислъэмей къуажэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Іуэхуншэр куэдщ, лэжьэн ягъуэтыркъым

Жэрдэм

Куэд щІакъым УФ-м Хуэныгъэмкіэ и министерствэм Правительствэм лъэІукіэ зэрызыхуигъаззэрэ хамэ къэралхэм къикІыу лэжьэну къакІуэхэм гъэугр хуэзІуахыну. Армырамэ, хуэныгъэмкІэ къалэн зыщащІахэр яхуэгъэззэщІэнукъым.

ИДЖЫ Мэкъумэшымкіэ министерствэри къэлъэІуащ, лэжьэну хуейхэр къамыгъакІуэмэ, хэзысэни ГъавэР къезыхэпІэжьыни ямыгъэтыну жиІэри.

Ди къэралым щыщу нэгъабэ лэжьапІэншэу зезыгъэтхахэм я бжыгъэр мелуани 4,321-рэ мэхъу. МэкъумэшымкІэ министерствэр пІалъэкІэ игъэлэжьэну зыхуримыкъур мин 39-рэ къудейщ.

Сыт хуэдэ Іэщ Іагъэлэ Іэрэ яхуримыкъур? Механизаторхэр, Іэщ дохутырхэр, агрономхэр. Улахуэфіи иратынущ, и Іэщ Іагъэ Іэ зиІэжьмэ. Псалъэм папщІэ, механизаторым Гъатхэгъэмахуэм сом мини 100 - 200 къилэжьыфынущ. Фермэм, лабораторэм, заводым щылажьэ Іэщ дохутырым сом мин 50 - 200 мазэм къихьыфынущ, и щІэныгъэмрэ и зэфІэкІымрэ елъытауэ. Ди мэкъумэш университетыр гугъу зезымыгъэхьу къззыухахэр я Іэфракіэм едзэкъжми хъунущ щІэныгъэ щызрагъэгъуэтыфыну щыта иль эхэр пщІэнэщ зэрыхъуаи къыхэкІыу. Гу лъыфтагъэщ щІыпІэ телевиденэм къит хъыбарегъащІэм: Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ агроном щхьапІэхэр, улахуэу сом мин 50 - 200 иратыныи хьэзырщ, и щІэныгъэм елъытауэ.

Ауэ, экспертхэм зэрыжаІэмкІэ, Кавказ Ищхъэрэм щыщу пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкІрэ гъэкІыным хэт хьэрычэтыщІэхэм яхуримыкъур лэжьакІуэ къызэрыгуэкІэрэщ: хэзысэн, зыпщІэн, къезыхьэлІэжькІи.

Зэ ельытыгъэкІэ, мэкъумэш І энатІэр лэжьакІуэ щыщІэн хуейтхъыми, Урысей Федерацэм и цыху мелуан 37,3-р зэрыкъажэдэсым тепщІыхьмэ. Къапщтэмэ, къэрал нэхъ зызыужьахэм мэкъумэшым елэжьым я бжыгъэр щымащІэщ, иджырей технологием я нэхъыфІыр къагъэсэбэпри. Псалъэм папщІэ, Европэм и цІыхухэм ящыщу мэкъумэш Іэуху хэр зи пщэм дэлъыр щылэжьэн ныбжьым итхэм я процентитІращ, США-м - процентитІ щрикъупэркъым.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Урысейм мэкъумэш Іэухур куэдрэ къыщыІэтекъутащ, псори щІэрыщІэу къыщІадзэжьын хуей хъуу. Ди нэгу щІэкІагъэхъэщ 1990 гъэхэм къыщыщІэдзауэ колхозхэмрэ совхозхэмрэ зэрыхагъэкІуэдажа щыкІэр. Политик мыхъумыщІэхэм я зэранкІэ къуажадэс куэд къалэхэм Іэпхъуащ, сом къыщалажьын къалъыхъуэу. ЩІыри зы Іэщ Іэлъ кІэ лІэужьыгъуэ зыбжанэу гуэша хъуащ, фермер хозяйствэ (КФХ), мэкъумэш Іуэхум пылъ хьэрычэтыщІэ (ИПСХ), унагъуэхэм ей (ХН), агроколдинг, н.къ. жьпІэми. Къапщтэмэ, иужьрейхэр 60 кІудейщ зэрыхъур, ауэ абыхэм уапеуэфынукъым техникэкІи, гъэсыныпхъэкІи, къралъІэжьэр зэщІэлъхьэкІи щыІалъэу, гъущаІпІэу), пІалъэкІэ ягъэлажьэхэр зыщІагъэс унэкІи нэхъыфІу къызэрэпэщащІи. Абыхэм гектар мини 100-м къыщыщІэдзауэ мелуаным щигъу яІыгъщ. Агроколдингхэр къуажэдэсхэм зыкІи щыгугъыркъым. Абыхэм я дежкІэ нэхъ фейдэщ техникэ зэпэщ зиІэ гупым Іуэхур зэфІаудрэ губгъуэм икІыжмэ. Зэрыгурыіуэгъуэщи, агрохолдингхэращ нэхъыбэу щІэлъэІури нэгъуэщІ къралхэм къикІ лэжьакІуэхэм Іуэгъур хуэзІуахыну.

Лэжьакіуэ щІэлъэІуухэм я хьэтыр ялъэгъунущ, коронавирусыр ужьыхыр пэжмэ. Ухуэныгъэмкіэ министерствэм хамэ къэралм къикІа зыгъэлажьэнухэм пщэрылъ ящищІащ ахэр щыпсэункІэ къыщэрагъэпэщыну, ІэпхъуэшапхъэхэмкІэ Іуэхуащ Іапі эм дэтхэнэми и тхылъ щІалъхьэну, къэралым щыэкІуэ хабзэхэм тету ягъэлажьэну. МэкъумэшымкІэ министерствэри нэгъуэщІ Іуэхущ Іапі экІри а щапхъэ ирикІуэну къыщІэкІынущ, щІэуфаущ ціыхухэр зыгъэлажьэхэм зэретхьэкъущыкІэр ди къэралым щагъэткІиящи.

● ГъэщІэгъуэнщ

Хьэршым - члисэ, хым - хытІыгу

Мы тхьэмахуэм къэІуа хъыбархэм ящыщу тІум я гуфу фхуэщІынут, цІыхум и гупсысэмрэ и зэфІэкІымрэ здынэсам я щыхьэту.

ЯПОНИЕМ и Киота къалэм дэтщ 874 гъэм яуха буддэ члисэ, Дайгодзи и цІэу. Ар дунейпсо хъугъуэфІыгъуэу къалъытауэ ЮНЕСКО-м ихъумэхэм ящыщщ.

Технологиехэмкіэ куэдкІэ япэ ит къэралым и зы компаниеи и мурадщ Буддэ и члисэ хьэршым игъэкІуэну. Ар ЩІым и хъуреягъкІэ зэ къекІэрэхъуэкІыным дакъикъэ 90 ихьынущ, километр 300 - 400 и ІыгагъэшхьэршымкІэ.

Члисэ-спутникым сантиметр 30 и кІыхьагъэщ, сантиметри 10 и кууагъэщ щытынущ, абы итынущ Буддэ и статуэткэ цІыкІу. Спутникыр яутІыпщынущ 2023 гъэм. Жыпі телефоным щхьэхуэу хуащІыну гуэдзэнымкІэ хэти къищІэфынущ члисэр а дакъикъэм здэщыІэр. Дайгодзи щыпсэу щихьэхэм къалъытэ хьэршым щыІэ члисэм и фІыщІкІэ дуней псор къызэщІагъэубыдэфыну мамырыгъэ щыІэным техуэуауэ я тхьэм зэрелъэІуум.

Данием зи Іуэху зэрихуэр нэгъуэщІщ. Абы и Правительствэр арэзы техъуащ Ищхъэрэ хым (Северное море) хытІыгу Іэрыщі шащІыным, футбол джэгуп Іэм хуэдэу 18 и инагъуу. Абы текІуэдэнщ доллар мелард 34-м щІигъу. Ар къэралымрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ зэхуэдитІу зэхадзэу аращ. ХытІыгу лъапІэр ищІыну яужь щІихьэр абы жьыкІэ лажьэ генератор 200 щигъэувын папщІщ. Данием хурикъун электрокъару а хытІыгум къаззыритыным къищынэмыщІауэ, ар къэрал зыбжанэми ярищэнущ. Ауэ абыи къыщІувыІэнукъым - зыІзэманкІэ хытІыгур хуэдитІкІэ нэхъ ин ящІынурэ, метр зэбгъузэнатІэ мин 240-м нагъэсынущ. ХытІыгущІэр километр 80-кІэ пэжьжьэнущ Ютландие хытІыгуныкъуэм. А псори щІалъэр электростанцхэм хьэуар ирамыгъэуцІэпІэн папщІэщ. 2033 гъэм лэжьэн щІидзэнущ хытІыгущІэм тращІыхьыну электростанцым. Мыр европей къэралхэм «парниковый газ» жьыуаІэр зэрагъэмэщІэным теухуауэ ящІэм и зы Іуэху лІэужьыгъэщ.

● Унафэ

Батыргъэным губгъуэ жьыхапхъэр дыщІагъутэмэ...

Сигу ирихьащ Лениншрад областым и унафэщІхэм алимент зымытхэм къыхуагупсысар - абыхэм батыргъэныр (борщевик) кърагъэч. Нэгъабэ ягъэунэхуагъэхэщ а жэрдэмым кърикІуар. Областым и Тельман къуажэм щыщу алиментымкІэ щІыхуэ зытелъхэм батыргъэным зэщІищта Ижорэ псы Іуфэр ягъэкъэбзащ.

УНАГЪУЭМ сэбэп щыхуэмыхъукІэ, жьлагъуэ Іуэхукіэ къэдгъэсэбэпынщ, жаІэри траухуауэ аращ. Дауи, зи гугъу ящІыр мылажьэу, фадэр имыжагъуэу къыдэнэхэращ, армыхьымэ хабзэм идэнукъым алиментым зэтребгъэхьэу.

Адыгэм псэльафэ диІзщ, батыргъэн лъабжьэу гущхьэм телъщ, жиІэу. Мы удзыжьым хуэдабзэу мэбагъуэ икІи цІыхухэм я дежкІэ зэранщ, уеблэмэ мазэ-мазитКІэ щхьэегъэзэпІэ хы Іуфэм къыщалъыхъуэн хуей мэхъу губгъуэ жьыхапхъэм (амброзия) и къэгъэгъэгъуэр къыхэмызэгъэхэм. АтІэ, батыргъэн лъабжьэу зыр адрейм и гущхьэ телъу жаІэу зэбгъэдэкІыжхэм къахокІ, и щхьэгъусэм и Іуэху хэмылъыкмэ, и быным яшхымрэ щатІагъэмрэ теухуауэ гугъу зригъэхьын хэмейуэ къэзылытІэ, судым и унафэрэ зымыгъэзащІэ. Сыту фІыт апхуэдэхэм губгъуэ жьыхапхъэр зэщІебгъэкъуэну. Ди республикэр сщІэркъымэ, Урысейр нэхъ къабзэхъунт, гъэмахуэкІэмрэ бжьыхьэпэмрэ хьэуар нэхъ къабзэнт. Мыр адэ-анэ къаІэнэр тэмэму зымыгъэзащІэхэм ухуэзэгъуэп щІыкІэу жьпІэми, цІыхухэр гугъу езыгъэхь удзыжьхэр а щІыкІэм тету зэрыпхуэмыгъэкІуэдынур гурыІуэгъэщ.

Ленинград областым и щапхъэмкІэ дгъэззэжмэ, батыргъэныр ягъэкІуэдынным зэрелэжьыр щІыналъэм а Іуэхум ухих ахъшэмкІэщ. Ильэс къэс гектар минийм нэс щагъэхьабзэ областым. Къинэмыщ Іауэ, унагъуэхэм ятхьэкъунущ, батыргъэныр ирамыупщІыкІмэ. Апхуэдэдэзу щІыр зей дэтхэнэми ар игъэхьэбзэну и къалэнщ. Аращ батыргъэным мащІэ-мащІэуэрэ я щІыналъэр щІрагъэбгынэфри.

● Хъыбар гуапэ

ЮНЕСКО-м и музейм щахъумэ

Нэгъабэ гъатхэпэм и 5 - 12-хэм, Кавказым ис лъэпкъхэм я махуэхэр Париж щагъэлъапІэм хыхьэу, Дунейпсо Арткомитетым, ЮНЕСКО-м, Щэнхабзэ Дипломатиемкіэ Дунейпсо Зэгухьэныгъэм зэгъусэу зэхьхьэ гукъинэжхэр къызэрагъэпэщащ. Абы щыгъуэ, Хъурей Жаннэ пасэрей эскизхэм тету и Іэдакъэ къыщІэкІа адыгэ ціыхухъу, бзылъхугъэ лъэпкъ фащэхэр, Къанэмэт Замир игъэхьэзыра адыгэ ціыхухъу пыІэр, псапащІэ Къуэныкъуей Замир къыбгъэдэкІа адыгэ ціыхухъу фащэгъэдахэ дыжьынхэкІ пкъыгъуэхэр ООН-м ЮНЕСКО-м щиІэ музейм щахъумэну ираташ, а Іуэхущ Іапі эр къызэрыунэхурэ илъэс 75-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ. Іэпщ Іэлъапщ Іэхэм я тыгъэхэм къыпэкІуэу, ЮНЕСКО-м дунейпсо сертификатхэмкІэ ахэр игъэпэжащ.

А ПРОЕКТЫМ хьыхьэу, къэрал 24-м я дипломатие лІыкІуэхэр зыхэта щхьэхабзэ зэхьыхьэхэр ЮНЕСКО-м и штаб-фэтэрым щрагъэкІуэкІащ, «Дуней псом ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» зэІущІэр, «Черкесия - фильм» кинокомпаниеи и генеральнэ унафэщІ, адыгэ режиссёр **Нэгъаплъэ Аскэрбий** и «Черкешенка» кинофильмыр франджыбзэкІэ гъэлъэгъуэныр къызэщІиубыдэу. КъищынэмыщІауэ, Париж щылажьэ Урысей щэнхабзэ центрым къыщызэрагъэпэщащ «Кавказ - жемчужина России» концертымрэ Испанием щыпсэу ди хэкуэгъу художник цІэрыІуэ **КІыщ Мухьэдин** и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэрэ.

Проектыр къыхэзылъхьа, Дунейпсо Арткомитетым и вице-президент, ЮНЕСКО-м хэт **Бейтыгъуэн Іуэус** зэрыжиІэмкІэ, ди лъэпкъ фащэр дуней псом хэІущІыІу щыщІыным теухуа хьэупсапІэр ильэс куэд щІауэ и гурыІуэ къэгъэуэгурыкІуэрт икІи Іэмал къызэрыхуэхьэкІу ар зэрызригъэхьулІэным иужь ихьащ.

- Лъэпкъ фащэр фэилъхьэгъуэ къудейкъым. Абыхэм ящытощ къыддекІуэкІ хабзэхэмрэ хьэл-щэнхэмрэ. Апхуэдэу ди фащэхэр хуэщІащ щІыхухъухэм я хахуагъэмрэ абыхэм Іэщэр екІуу зэрагъабзэмрэ, бзылъхугъэхэм я лантІагъэмрэ дахагъэмрэ. Тхыдэ щэнхабзэ гъэугуанэ кІыхь къэзыкІуа, лъэпкъ хабзэхэм хуэпэж, адыгэм япэ дыдэу къигъэщІа, иужькІэ дуней псом щыпсэу лъэпкъ къудым къащта ди фащэр дуней псом хуэзІуахэу. Тхыдэ мыхьэнэ зиІэ я проектыр къызэрыдэхъулІар гуапэщ, - пещэ Бейтыгъуэн Іуэус.

Урысей Федерацэм и полномочнэ лІыкІуэу зэпымыууэ ЮНЕСКО-м щыІэ Кузнецов Александр музейм тыгъэ хуащІа адыгэ фэилъхьэгъуэхэр къыщыІихьым, къыхигъэщащ лъэпкъхэм я щэнхабзэ щІэинхэр хьумэныр ЮНЕСКО-м и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытыр икІи псом хуэмыдэу Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэр нэгъэщІхэм ефІэкІыну зэрыщыр зэрынэрылъагъур, абы уеІуэхуэзыджэ щапхъэ дахэхэр ягъэлъагъуэу къызэрыпытэр, дяпэкІи Кавказым ис лъэпкъхэм мамырыгъэр, лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ пщІэ-нэмысымрэ гъэбыдэным хэлъхьэныгъэфІхэр хуащІу къэгъуэгурыкІуэну зэрыщыгугъыр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Анэдэлъхубзэр зэрахъумэн Іэмал

Шэмащ Іэкіэ

Зымащ Іэкіэ нэхъ мыхъуми и лъэпкъым гуузыныуз хузиІэ, анэдэлъхубзэм и нобэмрэ пщэдеймрэ къызыфІэІуэху дэтхэнэми къыгуроІуэ компьютер программэхэмрэ жьп телефонхэм я гуэдзэнхэмрэ бзэм теухуауэ къэдмыгъэсэбэпмэ, щІалэгъуалэр абы нэхъри зэрыщыгунур.

ЗЭМАНЫМ зыдрагъэкІун зэрыхуейм, щІэблэми анэдэлъхубзэр зрагъэщІэныр ящыгъэпсынщІэным тращІыхьу, Щэшэн Республикэм ЩІэныгъэмкІэ и академием семиотикэмкІэ и кІудамэм щылажьэхэм, я унафэщІ Умархаджиев Саладин я пашэу, Іуэху яублащ, ди къэралым урысыбзэкІэ, инджылыбзэкІэ щагъэхьэзыр компьютер программэхэр, жып телефоным и гуэдзэнхэр, видеоджэгуКІэхэр щэшэныбзэкІэ зэрадзэкІыну я мураду.

- Урысыбзэкіэ тхыгъэ щытебдзэкІэ, компьютерым щІетхъэ, щыуагъэ хэпщІыхьмэ. Щэшэныбзэм апхуэдэ Іэмал къыхуэзэдгъэпэщыну яужь дыщІихьэм, нэгъэщІ лъэпкъхэм я щапхъэ дыпльыхъуэу щІэздзащ, гъуазэ зыхуэтщІыну. КъызэрыщІэкІамкІэ, Тэтэр Республикэм и закъуэщ а лъэныгъэр щекІуэкІар, - жеІэ Саладин.

Щэшэным бзэмкІэ и щІэныгъэлІэхэр Къызан кІуэуэ Іуэхум щыщагъэгъуэза нэужь, лэжьыгъэр яублащ, абы къыхащащ студентхэри. ЗэрыжаІэмкІэ, я Іуэхур нэхъри гугъу къащІищІащ щэшэныбзэм и псалъалъэ кІуэд щІауэ къызэрыдамыгъэкІам, бзитІым (е урысыбзэм, е инджылызбзэм) я псалъалъэ зэрамыІэм. Ауэ, дауэ ямыщІами, зыхуагъэувыжа къалэным пэлъэщащ. Ешы лэжьыгъэм нэхъри гугъуу къыщІэкІащ Microsoft компанием и программэм щэшэныбзэр хигъэхьэныр. Жьыпіэнымэ, компанием ар «ФІэгъэщІэгъуэнакъым». Къапщтэмэ, тэтэрхэми я Іуэхур я Правительствэращ пхызыгъэкІар, компанием зэгурыІуэныгъэ ирищІыліэри. Щэшэн Республикэми ардыдэр кьыпэщылъщ.

Мы лэжьыгъэм ящыдэкІуэу нэгъуэщІ зы Іуэхуи зэфІагъэкІащ щэшэн щІэныгъэлІэхэм - елэжьыжауэ, щІэуэ куэд хагъэхьауэ къыдагъэкІащ орфографиемкІэ псалъалъэ ин. Иджы абы ихуахэм щыщ дыщІагъужьынущ компьютер программэм хуагъэхьэзыра псалъэхэм.

Ди гъунэгъуэхэм зи гъунэ ираІуа лэжьыгъэм хуэдэ дэри къытпэщылъщ. ЗыгуэркІэ ар къытщІэпсэпынщІэнущ адыгэбзэ псалъалъэ бей, адыгэ-урыс, урыс-адыгэ псалъалъэхэр дыззриІэм. Нэхъ гугъур иджырей технологиехэмрэ анэдэлъхубзэмрэ зэлэпагъэ зыщІыфын Іэщ Іагъэлэхэр къэбгъэтынырщ. Ауэ абыи зыгуэр пхуещІэнущ, ахъшэ уиІэмэ. Мылъкур зэгъэуІунри компанием гурыІуэнри республикэм и унафэщІхэм я псалъэ хэмылъу зэрызэфІэмыкІынур тэтэрхэмрэ шэшэнхэмрэ къыдгурагъэІуауэ.

Ауэ и чэзум умыщІа Іуэхум къыщыпхуемыгъэззэк щыІэщ. Сыту кьинащ Кавказым иса лъэпкъхэм куэдымкІэ щапхъэ яхуэхъуа адыгэхэр тхыбзэ зрагъэгъуэтыным щІемыгугъуэм теухуауэ гукъанэ мащІэ хагъэ Бецтокъуэ Хьэбас жиІэу щытар - Кавказыбгъэм щхьэдзкІуэ ермэлыхэмрэ куржыхэмрэ зэрытхэм зэремыплъар, а Іуэхум и мыхьэнэр къаззрыгурымыІуар. Хьэбас жиІауэ щытар сигу къыщІэкІыжар иджыри зы къэгъэщыпІэ дынэсащи аращ.

Анэдэлъхубзэмрэ иджырей технологиехэмрэ зэпытщІэным и мыхьэнэр зыхэлъэгъуапхъэр абы ди тхьбзэр зэрызыпэмынэрр ар щІэблэм зрагъэщІэныр нэхъ тынш зэращищІынымрэщ. Кьежьэм зыдебгъэкІуурэщ, къэбгъэІурыщІэурэщ ипэкІэ уэзрыкІуэтэфынур.

«Махуэхум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШИРДИЙ Маринэщ.

● ГъэщІэгъуэнщ

Іуэхум ушыІэ

Мы тхьэмахуэм къэІуа хъыбархэм ящыщу тІум я гуфу фхуэщІынут, цІыхум и гупсысэмрэ и зэфІэкІымрэ здынэсам я щыхьэту.

ЯПОНИЕМ и Киота къалэм дэтщ 874 гъэм яуха буддэ члисэ, Дайгодзи и цІэу. Ар дунейпсо хъугъуэфІыгъуэу къалъытауэ ЮНЕСКО-м ихъумэхэм ящыщщ.

Технологиехэмкіэ куэдкІэ япэ ит къэралым и зы компаниеи и мурадщ Буддэ и члисэ хьэршым игъэкІуэну. Ар ЩІым и хъуреягъкІэ зэ къекІэрэхъуэкІыным дакъикъэ 90 ихьынущ, километр 300 - 400 и ІыгагъэшхьэршымкІэ.

Члисэ-спутникым сантиметр 30 и кІыхьагъэщ, сантиметри 10 и кууагъэщ щытынущ, абы итынущ Буддэ и статуэткэ цІыкІу. Спутникыр яутІыпщынущ 2023 гъэм. Жып телефоным щхьэхуэу хуащІыну гуэдзэнымкІэ хэти къищІэфынущ члисэр а дакъикъэм здэщыІэр. Дайгодзи щыпсэу щихьэхэм къалъытэ хьэршым щыІэ члисэм и фІыщІкІэ дуней псор къызэщІагъэубыдэфыну мамырыгъэ щыІэным теухуауэ я тхьэм зэрелъэІуум.

Данием зи Іуэху зэрихуэр нэгъуэщІщ. Абы и Правительствэр арэзы техъуащ Ищхъэрэ хым (Северное море) хытІыгу Іэрыщі шащІыным, футбол джэгуп Іэм хуэдэу 18 и инагъуу. Абы текІуэдэнщ доллар мелард 34-м щІигъу. Ар къэралымрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ зэхуэдитІу зэхадзэу аращ. ХытІыгу лъапІэр ищІыну яужь щІихьэр абы жьыкІэ лажьэ генератор 200 щигъэувын папщІщ. Данием хурикъун электрокъару а хытІыгум къаззыритыным къищынэмыщІауэ, ар къэрал зыбжанэми ярищэнущ. Ауэ абыи къыщІувыІэнукъым - зыІзэманкІэ хытІыгур хуэдитІкІэ нэхъ ин ящІынурэ, метр зэбгъузэнатІэ мин 240-м нагъэсынущ. ХытІыгущІэр километр 80-кІэ пэжьжьэнущ Ютландие хытІыгуныкъуэм. А псори щІалэр электростанцхэм хьэуар ирамыгъэуцІэпІэн папщІэщ. 2033 гъэм лэжьэн щІидзэнущ хытІыгущІэм тращІыхьыну электростанцым. Мыр европей къэралхэм «парниковый газ» жьыуаІэр зэрагъэмэщІэным теухуауэ ящІэм и зы Іуэху лІэужьыгъэщ.

● Унафэ

Батыргъэным губгъуэ жьыхапхъэр дыщІагъутэмэ...

Сигу ирихьащ Лениншрад областым и унафэщІхэм алимент зымытхэм къыхуагупсысар - абыхэм батыргъэныр (борщевик) кърагъэч. Нэгъабэ ягъэунэхуагъэхэщ а жэрдэмым кърикІуар. Областым и Тельман къуажэм щыщу алиментымкІэ щІыхуэ зытелъхэм батыргъэным зэщІищта Ижорэ псы Іуфэр ягъэкъэбзащ.

УНАГЪУЭМ сэбэп щыхуэмыхъукІэ, жьлагъуэ Іуэхукіэ къэдгъэсэбэпынщ, жаІэри траухуауэ аращ. Дауи, зи гугъу ящІыр мылажьэу, фадэр имыжагъуэу къыдэнэхэращ, армыхьымэ хабзэм идэнукъым алиментым зэтребгъэхьэу.

Адыгэм псэльафэ диІзщ, батыргъэн лъабжьэу гущхьэм телъщ, жиІэу. Мы удзыжьым хуэдабзэу мэбагъуэ икІи цІыхухэм я дежкІэ зэранщ, уеблэмэ мазэ-мазитКІэ щхьэегъэзэпІэ хы Іуфэм къыщалъыхъуэн хуей мэхъу губгъуэ жьыхапхъэм (амброзия) и къэгъэгъэгъуэр къыхэмызэгъэхэм. АтІэ, батыргъэн лъабжьэу зыр адрейм и гущхьэ телъу жаІэу зэбгъэдэкІыжхэм къахокІ, и щхьэгъусэм и Іуэху хэмылъыкмэ, и быным яшхымрэ щатІагъэмрэ теухуауэ гугъу зригъэхьын хэмейуэ къэзылытІэ, судым и унафэрэ зымыгъэзащІэ. Сыту фІыт апхуэдэхэм губгъуэ жьыхапхъэр зэщІебгъэкъуэну. Ди республикэр сщІэркъымэ, Урысейр нэхъ къабзэхъунт, гъэмахуэкІэмрэ бжьыхьэпэмрэ хьэуар нэхъ къабзэнт. Мыр адэ-анэ къаІэнэр тэмэму зымыгъэзащІэхэм ухуэзэгъуэп щІыкІэу жьпІэми, цІыхухэр гугъу езыгъэхь удзыжьхэр а щІыкІэм тету зэрыпхуэмыгъэкІуэдынур гурыІуэгъэщ.

Ленинград областым и щапхъэмкІэ дгъэззэжмэ, батыргъэныр ягъэкІуэдынным зэрелэжьыр щІыналъэм а Іуэхум ухих ахъшэмкІэщ. Ильэс къэс гектар минийм нэс щагъэхьабзэ областым. КъинэмыщІауэ, унагъуэхэм ятхьэкъунущ, батыргъэныр ирамыупщІыкІмэ. Апхуэдэдэзу щІыр зей дэтхэнэми ар игъэхьэбзэну и къалэнщ. Аращ батыргъэным мащІэ-мащІэуэрэ я щІыналъэр щІрагъэбгынэфри.

● Футбол

Уаемрэ уэсымрэ къагъэдзыхэ

Нартсанэ (Кисловодск) зыщцызыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» зэныбжьэгъугъэ зэІущІэ мазаем и 16-м ЕсэнтІыгу щригъэкІуэкІащ. Ди щІалэхэм аргуэру хьэрхуэрэгъу къаухуэхъуат тхьэмахуэ ипэкІэ хагъэщІа Мэхъэчкъалэ и «Легион Динамо»-р.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и Япэ гупым 2020 - 2021 гъэхэм щыІэ зэхьэзэхэм и етІуанэ Іыхьэм тхьэмахуитІым нэблагъэуэ Нартсанэ зыщцыхуэзыгъэхьэзыр командитІым гъубжым джэгуп Іэ губгъуэм къыргъэхьэхэр я къарукІэ зэхуэгъэдзагъуейт. Япэ дивизионым хэт Брянск и «Динамо»-м къыкІэлъыкІуэ мазаем Іущ Іэну къызыпэщцыльэ налшыкдзэхэм Дагъыстэным и къалащхьэм къикІахэм иджы пэщІагъэувар щІалэгъуалэращ, хъэ лъэрызехьэ зытІущ гъуэсэ хуащІри. «Легион Динамо»-м и футболист нэхъыфІхэр зэрутІыпщхьащ, тхьэмахуэ ипэкІэ къызэрыхагъэщІар зэрыжыхьам къыхэкІыу.

Иужь махуэхэм къеха уэс Іувымрэ дызыщыужа уаемрэ джэгум хуэфащэн хэлъхьэныгъэ хуащІащ. ЩІалэхэм топыр дахэ-дахэу къахуэгъэІурыщІэртэкъым, езыхэр щІэх-щІэхыурэ щІэщІэнтхъукІырт. Апхуэдэ щытыкІэм нэхъ щІэхыу есащ мэхъэчкъалэдэсхэр. Дакъикъэ пщыкІух дэкІауэ арат ахэр 2:0-у япэ щищам.

Абы иужькІэ «Спартак-Налшыкым» зыззщІакъуэжащ. Иджы тепщэныгъэр къэнащыми Іэу зыІэщІэлъыр арат. Ди щІалэхэм яебгъэрыкІуэныгъэ Іъэщхэм мыгувэу ехъулІэныгъэхэр къахуихьащ икІи, загъэпсэхуну щикІым ирихьалІэу, Пащтымрэ Сэбаншымрэ бжьыгъэ зэхуэдэ ящІыжат. Арщхьэкіэ судьям къыщІигъуа зэманым «Легион Динамо»-р аргуэру япэ ищыжащ, Эльдарушев Абу-Саид метр пщыкІузым и деж щыту къахудигъэкІа топым и фІыгъэкІэ.

Джэгум и етІанэ Іыхьэм ирихьалІэу нэхъри зэщІэщта губгъуэм лъэныкъуэхэм къащыхуэгъэльэгъуэщэ щыІэкъым. А махуэм убыдыгъуэй хъуа Эльдарушевым ещанэ топри ди гъуэм къыдигъэкІри, зэІущІэр 4:2-уэ ихуащ.

«Спартак-Налшыкым» и гуп нэхъыщхьэр дыгъуасэ Брянск и «Динамо»-м деджэгун хуеящ, арщхьэкІэ щыІэм и зэранкІэ ягъэІэпхъуащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэр, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиер, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр «Урысей мэкъумэш центр» къэрал бюджет Іуэхущ Іапі эм и къудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ **Блий Станислав Григорий и къуэм** хуогъэзавэ абы и щхьэгъусэ **Блий (Мэржэхъу) Ириндж Аскэрбий и пхъур** дунейм зэрелхьжам къыхэкІыу.

УФ-м и Президентым и жылагъуэ егъэблэгъанІэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м и Парламентым, ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м и Іэтащхьэм и деж щыІэм и Іуэхущ Іапі эм, Зеикъуэ къуажэм и щІыпІэ администрацэм хъыбар фагъащІэ УФ-м и Президентым и жылагъуэ егъэблэгъанІэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэ **ЛІыгъур Хъусен Хьэзиз и къуэр** дунейм зэрехьажамкІэ икІи абы и Іыхьлъхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогъэзавэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эльэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн МариТ**, **Къумахуэ Асльан**, **ПІэщІэнэджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; эдэхэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэху жуэап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыІналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ, 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Соня**, *редактору* **Жылаэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 3-нэ нап.). КомпьютерКІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэ